

Kòd Konduit Elèv



Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, FL

Segondè (6^{yèm}-12^{yèm}) | 2025-2026

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach pran angajman pou ankouraje ekselans nan edikasyon ak preparasyon tout elèv nou yo nan konesans, aptitud, ak etik ki nesèsè pou vin sitwayen responsab ak anplwaye pwodiktif.

Tabdèmatyè

Prensip Jeneral	3
Prezans/Absans	6
Kòd Abiman ak Inifòm Elèv	9
Kòd Konduit ak Konpòtman Elèv	11
Dimansyon Kòd Konduit Elèv	15
Gid pou Izaj Medya Sosyal	19
Gid Disiplin	21
Konsekans Distri a te enpoze	29
Otorizasyon pou Sispansyon	30
Pwosesis Apèl pou Sispansyon	30
Disiplin pou Elèv ki Elijib pou Sèvis Anba <i>Individuals with Disabilities Act</i>	31
Disiplin pou Elèv ki Elijib pou Sèvis Anba Seksyon 504 <i>Rehabilitation Act of 1973</i>	35
Leksik	40
Akwonim	52
Apandis	53

Preinsip Jeneral

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach kwè toutbon yon kilti pozitif ankouraje opòtinite edikatif egal ego epi etabli fondasyon estrikti pou yon anviwònman aprantisaj ki sennesòf. Kòd Konduit Elèv la genyen ladan li yon ansanm règleman, prensip ak lwa kote yo etabli epi mentni lòd pou benefis tout moun. Disiplin nan yon lekòl dwe genyen kalite objektivite, konsistans ak ekite. Se responsablite tout estaf lekòl yo, elèv, paran, ak patnè ekstèn ki genyen enterè, ak tout kominote a pou fè sèten anviwònman lekòl la ankouraje yon klima favorab pou aprann.

Kòd Konduit Elèv la sipoze yon règleman pou enstriksyon ki baze sou entèkansyon ak sipò pou elèv. Sepandan, lè konsekans yo jistifye, yo ta dwe aplike yo dapre yon sistèm disiplin pwogresif. Enfraksyon minè ak premye ofans genyen konsekans ki mwen grav pase gwo enfraksyon ak ofans ki repete. Yo dwe pran an konsiderasyon faktè tankou laj, nivo klas, devlopman sosyal, emosyonèl ak entelektyèl, epi dwe konsidere tou dwa ak responsablite elèv anjeneral. Y ap rezoud pwoblèm disiplin ak tout mwayen posib avan yo mete yon elèv deyò nan lekòl. Y ap suiv pwosedi ekitab epi rezonab pou garanti dwa elèv yo.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la espere tout moun ki genyen enterè ap demontre respè mityèl pou dwa lòt moun. Yo atann pou tout moun ki nan ansèyman ak aprantisaj aksepte antyèman responsablite yo pou bay egzanp epi pratike Gid Inivèsèl ak Atant sou Konpòtman: Rete pridan, montre Respè, epi pran Responsablite. Chak lekòl dwe kreye pwòp Gid Inivèsèl li ak Atant sou Konpòtman.


Responsablite pati ki konsène yo dekri pi ba la a.

Responsablite Elèv

- Vini lekòl chak jou, pare pou klas, epi fè tout efò yo pou fini devwa yo
- Respekte Kòd Konduit Elèv ak prensip ki baze nan lekòl la
- Bay egzanp epi pratike konpòtman yo atann ak gid inivèsèl
- Enfòmè estaf lekòl sou tout konpòtman danjere, entimidasyon, oswa aktivite ki rive nan lekòl la oswa andeyò lekòl la lè sa kapab koze deranjman nan anviwòmnan edikatif la.
- Aksepte epi respekte diferans endividyèl ak moun
- Pote sèlman materyèl sa yo ki otorize nan lekòl la
- Kenbe paran yo enfòmè sou pwoblèm ki genyen rapò avèk lekòl
- Mande estaf lekòl oswa adilt ou fè konfyans pou ede rezoud pwoblèm

Responsablite Paran/Responsab legal

- Li Kòd Konduit Elèv la avèk pitit ou a (yo)
- Fè sèten pitit ou a (yo) vin lekòl regilyèman epi rive alè
- Fè lekòl la konnen absans oswa reta nan yon delè rezonab Rapòte absans yo bay lekòl la alavans oswa nan 24 èdtan apre pitit ou retounen lekòl.
- Kontwòle pwogrè akademik ak konpòtman pitit ou a (yo)
- Pale ak pitit ou a (yo) sou lekòl ak konpòtman yo atann
- Vizite lekòl pitit ou a (yo) jan sa nesèsè



- Jwe yon wòl aktif epi sipòte eksperyans edikatif pitit ou a (yo)
- Anseye epi bay pitit ou egzanp respè dwa ak pwopriyete lòt moun

Responsablite Pwofesè

- Anseye epi revize kòd Konduit Elèv la
- Itilize plan ansèyman ki byen planifye, kreyatif epi enteresan chak jou
- Etabli atann, anseye, bay egzanp epi ranfòse konpòtman pozitif
- Itilize estrateji jesyon klas ki apwopriye pou mentni yon anviwònman aprantisaj ki sipòte siksè akademik
- Bay elèv yo opinyon ki fè sans epi ki genyen rapò avèk konpòtman epi pwogrè akademik yo
- Mentni yon salklas ki sennesòf epi òganize nan itilize estrateji prevansyon ak entèvansyon
- Bay opinyon korektif apwopriye epi anseye ankò konpòtman ki apwopriye lè yon elèv konpòte li mal
- Itilize jijman pwofesyonèl pou prevni ensidan konpòtman ki pa grav, pou yo pa dejenere
- Kenbe paran yo enfòme sou pwogrè akademik ak konpòtman pitit yo atravè kominikasyon regilye.
- Refere elèv ki bezwen sipò adisyonèl bay Ekip pou Rezoud Pwoblèm/ki Baze nan Lekòl.
- Mande seyans fòmasyon adisyonèl ak/oswa devlopman pwofesyonèl pou estaf jan sa nesèsè

Responsablite Administratè

- Distribye Kòd Konduit Elèv bay moun ki genyen enterè nan lekòl la
- Aplike Kòd Konduit Elèv la nan yon fason ki jis epi konsistan
- Aplike tout règleman Komite Dirijan Rejyon Palm Beach yo nan yon fason ki jis epi konsistan
- Mentni yon lekòl ki sennesòf epi òganize nan itilize estrateji prevansyon ak entèvansyon
- Bay elèv yo opinyon ki fè sans epi ki genyen rapò avèk konpòtman yo ak pwogrè akademik yo
- Kominike règleman, atant, ak pwoblem epi reyaji sou plent oswa enkyetid elèv ak Paran yo rapidman
- Itilize jijman pwofesyonèl pou prevni ensidan konpòtman ki pa grav, pou yo pa dejenere
- Kontwole, sipòte epi kenbe aplikasyon efikas epi mentni Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBS)
- Defini, anseye, bay egzanp, ranfòse epi sipòte konpòtman elèv ki apwopriye pou kreye anviwònman lekòl ki pozitif
- Ofri bon jan opòtinite pou patisipasyon ak angajman paran
- Idantifye fòmasyon ak resous ki apwopriye selon bezwen pou aplike entèvansyon ak sipò
- Etabli yon Ekip pou Evalye Menas, ki genyen ladan li moun ki genyen eksptiz nan bay konsèy, anseye, administrasyon lekòl ak polis. Travay yo enkli kowòdinasyon resous, evalyasyon, ak entèvansyon pou elèv konpòtman yo poze yon menas pou sekirite lekòl la ak/oswa estaf la.
- Lekòl yo dwe asire yo bay elèv ELL yo ak paran yo opòtinite tou pou yo byen konprann atant konpòtman ak konsekans yo nan yon lang yo konprann. Anplis, nan travay nan Kòd Konduit Elèv la, administrasyon lekòl la ak estaf yo dwe sansib a diferans kiltirèl yon elèv kapab montre.
- Chak sant lekòl ap oblije soumèt nenpòt règleman nan nivo sit (sa vle di, kòd abiman) bay anplwaye distri a pou l revize.

Responsablite manm Estaf adisyonèl ki nan lekòl yo

- Mentni yon anviwònman lekòl ki sennesòf epi òganize nan bay egzant epi sipòte konpòtman apwopriye elèv yo
- Bay elèv yo opinyon ki fè sans epi ki genyen rapò avèk konpòtman yo ak pwogrè akademik yo
- Bay opinyon korektif apwopriye epi re-anseye konpòtman ki apwopriye lè yon elèv konpòte l mal
- Kontwòle, sipòte epi soutni aplikasyon efikas epi mentni yon kilti lekòl ak anviwònman aprantisaj ki pozitif
- Itilize jijman pwofesyonèl pou prevni ensidan konpòtman ki pa grav, pou yo pa dejenere


Responsablite Estaf Distri a

- Kreye epi ranfòse règleman ak Pwosedi ki ankouraje lekòl ki sennesòf epi òganize pou tout elèv, estaf lekòl ak direktè (tris)
- Pwoteje dwa legal estaf lekòl, direktè (tris), elèv ak paran
- Bay trening ak resous apwopriye pou ranfòse entèvansyon ak sipò pou konpòtman pozitif nan chak lekòl
- Ede paran ki pa kapab rezoud pwoblèm, nan nivo Lekòl la
- Itilize done endividyèl sou disiplin nan lekòl pou idantifye epi bay administratè/tris ak estaf lekòl devlopman pwofesyonèl
- Repase epi revize Kòd Konduit Elèv la chak ane

Moun ki gen enterè se patnè kolaboratif nan edikasyon, epi chak jwe yon wòl enpòtan nan angajman pou edike tout elèv pou atenn pi gwo potansyèl yo.

Otorite *In Loco Parentis*

- *In loco parentis* se yon tèm Latèn ki vle di "nan plas yon paran" oswa "olye yon paran." Tèm nan refere a yon doktrin lwa komen ki vle di responsablite legal yon moun pou fè kèk nan fonksyon oswa responsablite yon paran lè yon timoun anba sipèvizyon yo. Malgre otorite sa a pa egal ak otorite yon paran/responsab legal genyen sou yon timoun, li pèmèt estaf lekòl la egzèse sipèvizyon ak kontwòl sou elèv yo pandan yo nan kanpis lekòl la, transpò lekòl oswa ale nan yon aktivite ki genyen rapò ak lekòl la. Gade, Lwa Florid §1003.31 (1).
- Si administratè lekòl yo gen yon sispisyon rezonab yon elèv te vyole Kòd Konduit Elèv la, oswa li te angaje nan aktivite ki deranje oswa afekte anviwònman lekòl la yon fason negatif, yo kapab kesyone ak/oswa fouye elèv la san yo pa genyen yon manda oswa kontakte paran elèv yo.
- Paske ofisyèl lekòl yo genyen yon enterè nan pwoteje tout elèv yo ak kenbe fonksyonman lekòl la nan lòd, elèv la pa genyen dwa pou paran yo akonpaye yo, oswa yon avoka reprezante yo, lè ofisyèl lekòl la ap kesyone elèv la.
- Sepandan, depi mezi disiplinè yo pran kòm konsekans yon vyolasyon Kòd Konduit Elèv la, yo pral bay elèv la dwa pou yon pwosedi jis, jan sa endike nan Règleman Komite Dirijan Lekòl ak Kòd Konduit la.



Prezans/Absans

Règleman sa a se pou ankouraje prezans nan lekòl ak ponktyalite nan etabli egzijans pou prezans/ absans elèv, souliye direktiv oswa ak pwosedi pou kontwole epi rapòte prezans/absans, epi etabli pwosedi ki sipòte elèv ki absan yon fason kwonik epi ki abityèlman absan lekòl repete san rezon, jan lwa, prensip ak règleman Florid egzije sa.

Rechèch endike elèv rate lekòl pou plizyè rezon, ki kapab divize an twa gwo kategori (The Importance of Being in School: A Report on Absenteeism in the Nation's Public Schools. Robert Balfanz & Vaughn Byrnes, John Hopkins University Center for Social Organization of Schools, Me 2012):

- a. Elèv ki *pa kapab ale* lekòl akòz maladi, responsablite fanmi, enstabilite lojman, bezwen travay, oswa enplikasyon nan sistèm jistis jivenil.
- b. Elèv ki *pa vle ale* lekòl akòz entimidasyon, kondisyon danjere, arasman, ak lawont.
- c. Elèv ki *pa ale* lekòl akòz yomenm oswa paran yo pa wè enpòtans pou yo ale lekòl, yo genyen lòt bagay yo pito fè pase pou yo ta ale lekòl, oswa anyen pa rete yo pou yo pa ale lekòl.

Règleman sa a aplike pou elèv nan distri a ki enskri nan klas Matènèl rive nan 12^{yèm} ane.

Komite Dirijan an rete kwè prezans regilye ak rive lekòl alè jwe wòl enpòtan nan siksè yon elèv, genyen yon gwo korelasyon ant prezans regilye nan lekòl, rannman akademik, ak fini lekòl. Malgre prezans nan lekòl se responsablite paran oswa responsab legal, ak elèv yo, Distri a angaje li nan ogmante patisipasyon valab paran ak responsab legal yo nan tout aspè lavi piti yo, enkli rediksyon absans kwonik ak absans repete san rezon nan lekòl.

Pou konbat absans non motive ak absans repete san rezon nan lekòl, tout lekòl nan Distri a angaje nan bay entèvansyon ki kiltirèlman, lengwistikman, ekita epi apwopriye ak laj. Yo pa dwe trete elèv nan Distri a diferaman pou sa ki genyen rapò avèk prezans, absans, oswa absans repete san rezon sou baz ras, koulè, etnisite, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, sitistasyon matrimonyal, laj, relijyon, andikap, enfòmasyon jenetik, idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa nenpòt lòt karakteristik lalwa te entèdi.

Selon atik Lwa Florid §1003.26, Sipèntandan an responsab pou ranfòse prezans nan lekòl pou tout elèv ak adolesan ki nan laj lekòl obligatwa nan lekòl Distri yo.

a. Prezans, Absans, ak Kondisyon pou Ekskiz

- i. *Anjeneral.* Eksepte jan Lwa Florid § 1003.24 ak Règleman 6A-1.09513 Komite Dirijan Edikasyon mande li, yo atann pou tout elèv ale lekòl regilyèman epi rive alè nan klas yo pou yo benefisye pwogram enstriksyon epi pou devlope abitud ponktyalite, oto disiplin ak responsablite. Chak elèv oblije ale lekòl regilyèman pandan tout peryòd lekòl la. Yo kapab refere elèv absanteyis bay Ekip ki Baze nan Lekòl la epi yo kapab aplike entèvansyon yo dapre Règleman 5.09 Komite Dirijan Lekòl ak Lwa Florid §1003.26 pou fè respekte egzijans prezans/absans nan lekòl

- ii. *Avi pou Paran sou Absans nan Lekòl.* Paran ak responsab legal yo, genyen responsablite pou fè lekòl la konnen epi bay dokimantasyon, si sa nesèsè, lè yon timoun pral absan epi pou enfòmè lekòl la sou rezon absans lan nan 24 èdtan jou absans la. Si yo pa te bay avi anvan absans la, paran an oswa responsab legal la ap oblije avize epi bay dokiman alekri, si lekòl la mande li, pou jistifye rezon absans elèv la.
- iii. *Suiv Absanss.* Lekòl la dwe kontwole absans motive ak absans ki pa motive yo, ak prezans/absans nan sistèm enfòmasyon elèv Distri a.
- iv. *Devwa Ratrapaj.* Pou absans motive ak absans ki pa motive, ki genyen ladan sispansyon, elèv la pral genyen opòtinite fè devwa ratrapaj san penalite akademik. Pou sispansyon nan lekòl yo, elèv yo ap resevwa devwa chak jou. Pou sispansyon andeyò lekòl yo, elèv yo ap resevwa devwa regilyèman.
 - a. *Absans motive ak absans ki pa motive ak sispansyon.* Kantite jou yo bay pou devwa ratrapaj dwe menm bagay ak kantite jou elèv la pa te prezan. Yonfw a li retounen lekòl, se responsablite elèv la pou kontakte pwofesè li (yo) sou devwa ratrapaj epi pou konplete tout devwa ratrapaj yo nan tan yo te bay la.
- v. *Rapò nan Kanè Elèv yo.* Prezans/absans, enkli absans oswa reta, dwe parèt nan kanè elèv yo, jan Lwa Florid § 1003.33(1)(c) ak (2) egzije sa.

Rive Anreta ak Lage Bonè

Komite Dirijan an rekonèt detanzantan sikontans inevitab kapab fè yon elèv anreta lekòl oswa pou yo lage li avan fen jounen lekòl la. Paran oswa responsab legal dwe suiv menm pwosesis la pou bay yon eskiz pou reta oswa pou yo lage elèv la bonè, menmjan yo fè sa pou jwenn eskiz pou yon absans. Reta ki repete, lage lekòl pi bonè, oswa absans pou tout jounen an oswa nenpòt pati nan jounen an kapab etabli tou yon abitib pou pa vini lekòl pou aktivite ensèyman.

- i. *Rive ta oswa anreta, oswa Lage Bonè.* Y ap konsidere elèv rive anreta lekòl/nan klas pandan jounen/peryòd klas la kòmanse. Yo dwe jere reta eksesif endividyèlman pou detèmine si genyen yon abitid pou pa vini lekòl. Amwenske genyen yon eskiz dapre pwovizyon règleman 5.09 sa a, yo pral anrejistre reta ki akimile yo kòm absans kip a motive selon Lwa Florid § 1003.02(1) (b) ak règleman 5.09 sa a. Yo ta dwe konsidere elèv la absan lè yon elèv lekòl segondè rate senkant (50) pousan oswa plis peryòd klas yo idantifye kòm enstriktif akòz li rive ta oswa anreta, lage bonè.
- ii. *Tan Akademik.* Yo pa dwe voye elèv tounen lakay yo ni refize yo antre nan lekòl la poutèt yo anreta. Yo dwe pèmèt nenpòt elèv ki rive anreta nan nenpòt peryòd klas ale nan klas li apre li bay dokimantasyon apwopriye sou reta li.

- iii. *Pwosed* *Lekòl*. Nenpòt lekòl ki kreye yon prensip oswa règleman pou rive anreta ak/oswa lage bonè, dwe soumèt prensip oswa règleman l ap pwopoze pou lekòl la bay Sipèentandan Rejyonal la pou revizyon ak apwobasyon avan aplikasyon prensip/Règleman an.

Privilèj Kondui Machin ak Prezans/Absans: Rapòte bay Depatman Sikilasyon ak Veyikil Amotè

Daprè Lwa Florid §§ 322.091 ak 1003.27, distri a oblije rapòte bay Depatman Sikilasyon ak Veyikil Amotè (ann anglè DHSMV) non, dat nesans, sèks ak nimewo sekirite sosyal elèv ki nan laj 14 a 18 an ki akimile kenx (15) absans non motive nan nenpòt peryòd 90 jou konsekitif nan kalandriye a. Nenpòt lè yon elèv genyen yon total kenx (15) jou absans ki pa motive lekòl pandan yon semès, yo dwe konsidere elèv la abityèlman absan. Komite Dirijan an otorize sipèentandan an pou enfòmè elèv ak paran/ responsab legal yo sou dosye absans eksefif menmjan ak entansyon distri a pou l enfòmè DHSMV sou absans eksefif elèv la.

Daprè lalwa, Distri a dwe akòde yon odyans pou difikilte sou demann nenpòt elèv yo te sispann lisans pou kondui machin li daprè seksyon sa a. Komite Dirijan an, nan dokiman sa a, otorize sipèentandan an pou l devlope pwosed

i pou aplikasyon administratif pou yon odyans konsa, ki konsistan avèk lwa eta a ak asistans teknik Depatman Edikasyon Florid. Direktè (tris) la oswa reprezantan li pral dirije yon odyans pou difikilte nan trant (30) jou apati dat li te resevwa demann nan daprè pwosed

i Sipèentandan an te etabli.

Kòd Abiman ak Inifòm Elèv

Se yon fonksyon fondamantal distri a pou li kreye epi mentni yon anviwòman edikatif pozitif nan dedye atansyon li sou aprantisaj, ogmantasyon sekirite nan Lekòl, ankourje bon konpòtman ak disiplin, epi redui deranjman ak distraksyon. Komite Dirijan an kwè abiman apwopriye ak swen pèsònèl kontribye nan yon anviwònman aprantisaj ki pwodikatif epi efikas. Donk, yo atann tout elèv byen penyen epi abiye yon fason ki apwopriye pou laj yo, nivo klas, lekòl ak aktivite nan lekòl yo.

Yo entèdi abiman ak kwafi ki deranje anpil oswa potansyèlman deranje anviwònman edikatif la oswa pwogram lekòl la kreye yon distraksyon ki entèfere ak pwosesis edikatif la oswa aktivite klas oswa prezante yon danje pou sante oswa sekirite elèv yo oswa kominote lekòl la. Se direktè (tris) la oswa reprezantan li ki detèmine sa ki konstitye yon danje pou sekirite oswa sante, oswa ki konstitye yon distraksyon pou elèv yo nan yon aktivite salklas, oswa konstitye yon deranjman nan yon pwogram lekòl oswa antretyen eksestif pwopriyete lekòl la. Direktè (tris) la oswa reprezantan li dwe genyen otorite final pou deside si abiman yon elèv respekte kòd abiman oswa inifòm la epi li dwe itilize diskresyon nan entèprete ak aplike pwovizyon règleman sa a. Kòd abiman ak inifòm jan li dekri anba la dwe aplikab pou tout Distri a.

Tout dokiman, fòm ak kominikasyon yo bay paran dwe tradui pou paran ki pale yon langaj yo idantifye kòm yon lang Majè nan Distri a. Anplis, paran ki pale lòt lang ki pa idantifye kòm Lang Majè, dwe jwenn tradiksyon alekri oswa entèpretasyon oral sou demann, oswa si bezwen pou tradiksyon oswa entèpretasyon vin evidan.

Seksyon 1001.43(1) (b), Lwa Florid otorize Komite Dirijan an pou mande tout elèv yo mete inifòm oswa enpoze kondisyon ki genyen rapò ak abiman si Komite Dirijan an panse kondisyon sa yo nesèsè pou sekirite oswa byennèt tout elèv yo oswa estaf lekòl la.

Komite Dirijan an rekonèt elèv endividyèl genyen dwa lib ekspresyon epi dwa sa dwe balanse ak responsablite Komite Dirijan an pou ofri salklas ak kanpis ki sennesòf, sekirize, epi ki genyen lòd ak yon anviwònman edikatif ki sipòte objektif akademik sistèm lekòl la ak responsablite edikatif. Pou sipòte objektif ak atant sa yo, Komite Dirijan an etabli kòd abiman sa yo pou elèv Distri yo.

Definisyon

- a. *Vètman* vle di abiman, chapo, bijou, valiz, akseswa oswa lòt atik pou aparans pèsònèl.
- b. *Kòd abiman* vle di yon seri kritè ki dekri rad elèv ki akseptab ak rad ki pa akseptab pou asire sante ak sekirite tout elèv epi kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif; epi refere ak tout Distri a ak/oswa Kòd abiman espesifik lekòl.

- c. *Kòd Abiman Elèv nan tout Distri a* vle di yon seri kritè Komite Dirijan Lekòl la detèmine rad elèv ki akseptab ak rad ki pa akseptab pou garanti sante ak sekirite tout elèv epi kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif.
- d. *Kòd abiman Espesifik (Estanda) yon Lekòl* vle di yon seri kritè lekòl kote elèv la ye a detèmine rad ak aparans ki akseptab ak ki pa akseptab, ki genyen ladan men pa limite ak, rad, makijaj, tatou, ak bijou.
- e. Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman vle di estil abiman diferan ak/oswa koulè espesifik elèv yo mete kòm yon mwayen pou idantifye yo kòm manm nan yon kominote lekòl la epi se lekòl la ki detèmine li. Genyen nan definisyon yon Estanda Siperyè, (Inifòm) Kòd abiman se abiman ki selektif oswa estanda akademi yon Distri, pwogram espesyalizasyon oswa ochwa.

Èd pou Abiman

Se yon règleman Komite Dirijan an pou yo pa anpeche okenn elèv vin lekòl oswa refize yon edikasyon poutèt li pa mete rad ki konfòm ak Kòd Abiman Distri a, yon Kòd Abiman yon Lekòl Espesifik (Estanda) oswa Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman, kèlkeswa sa ki aplikab, si se akòz yon difikilte finansye. Chak direktè (tris) lekòl ak SAC dwe devlope pwosedi ak kritè pou ofri asistans pou elèv ki ta genyen oswa ki genyen difikilte ki konfòm avèk Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman lekòl yo akòz difikilte finansye. Paran yo kapab mande direktè (tris) la oswa reprezantan an asistans sa yo. Yo pa dwe devwale Idantite fanmi an oswa elèv la.

Nouvo Elèv ak Elèv k ap Transfere

Yo dwe akòde elèv k ap antre nan Sistèm Lekòl Piblik Rejyon Palm Beach la pou premye fwa pandan ane lekòl la yon peryòd gras jiska senk (5) jou avan yo egzije li pou konfòme li avèk Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman, sof si lekòl la bay elèv la (yo) inifòm pou li konfòme l avèk Estanda Siperyè (Kòd Abiman Inifòm).

Kòd Konduit ak Konpòtman Elèv

- Tout elèv, depi matènèl rive jis nan nivo adilt, genyen dwa pou resevwa yon edikasyon nan yon anviwònman ki senesof, ki akeyan epi respektye. Tout edikatè genyen dwa pou li anseye nan yon atmosfè ki san deranjman ak obstak ki anpeche aprantisaj. Y ap reyalize sa a nan adopsyon ak aplikasyon yon Kòd Konduit Elèv ki konsistan epi atravè aplikasyon yon Plan Entèvansyon ak Sipò Konpòtman Pozitif (PBIS, ann Anglè) nan tout lekòl yo.
- Plan PBIS la mete aksan sou fason pou anseye elèv yo konpòte yo ki kapab ede yo fè pwogrè akademik, reyisi nan lekòl yo, epi ankouraje yon atmosfè lekòl kote elèv yo ak estaf lekòl yo responsab epi respektye.
- Plan PBS la ap genyen ladan: ansèyman prensip lekòl, ranfòsman konpòtman apwopriye elèv epi nan itilize bon metòd jesyon salklas, ak estrateji pou sipòte konpòtman pozitif nan bay entèvansyon bonè pou move konduit ak itilizasyon konsekans ki apwopriye yo.
- Yo etabli Lekòl yo nan Rejyon Palm Beach (PBC) pou benefis tout elèv. Objektif edikatif lekòl yo se pou akonpli maksimòm nan yon klima lekòl ki anseye, bay egzanp, epi ranfòse konpòtman elèv ki akseptab sosyalman epi ki mennen nan pwosesis aprantisaj ak ansèyman. Dwe genyen tou yon kontinwite nan konsekans pou move konpòtman elèv atravè tout lekòl nan PBC.
- Komite Komite Dirijan an sipòte estaf administratif la ak pwofesè yo nan pran tout mezi nesèsè ak rezonab pou aplike *Kòd Konduit Elèv* la ak règleman administratif pou mentni konpòtman elèv ki apwopriye yo. Enpòtan pami règleman ak direktiv sa yo se sa ki nan domèn konduit, ki enplike entèvansyon ak sipò konpòtman, nan amelyore atmosfè pou aprantisaj ak règleman ki gouvènè sispanasyon ak ekspilsyon yo.
- Règleman ki la yo sèvi kòm kòd pou aplike konsènan konduit ak disiplin elèv epi yo aplikab pou tout elèv. Règleman sa yo ta dwe konstitye *Kòd Konduit Elèv* la, ki te enkòpore kòm règleman Komite Dirijan an selon Lwa Florid. Kopi dokiman sa yo disponib nan lang Panyòl, Kreyòl ak Pòtigè, nan sit entènèt Distri a, nan dosye achiv Biwo Pwosè vèbal reyinyon Komite Dirijan an, Depatman Zafè Piblik, epi ta dwe disponib nan chak lekòl ak nan chak biwo Sipèntandan Rejyonal.
- Komite Dirijan Lekòl la rekonèt *Kòd Konduit Elèv* la dwe koresponn ak preskri Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) ak sa ki nan Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon an (Seksyon (504). Donk, elèv ki elijib pou sèvis daprè IDEA oswa Seksyon 504 ap resevwa sanksyon disiplinè konfòmman ak lwa sa yo ak pwovizyon Kòd Konduit pou Elèv la ki reji yo, ki espesifye sa ki aplikab pou elèv ki kouvri anba IDEA ak 504 elèv.
- Komite Dirijan Lekòl la tabli prensip pou konpòtman ak metòd pou discipline elèv yo. Sipèntandan an dwe rekòmande, daprè règleman sa yo, yon *Kòd Konduit pou Elèv* Komite Dirijan an dwe adopte chak ane, an konfòmite ak lwa Eta Florid yo. *Kòd Konduit pou Elèv* la dwe disponib

an Panyòl, Kreyòl, Pòtigè, epi pou tout pwofesè lekòl primè oswa segondè, estaf lekòl, elèv, paran oswa responsab legal, epi yo diskite nan kòmansman chak ane eskolè.

- Komite Dirijan Lekòl la adopte *Kòd Konduit pou Elèv* yo dapre Lwa Eta Florid epi l ap genyen ladan:
 - a. Etabli règleman ak fondman byen espesifik pou pran mezi disiplinè, tankou sispansyon nan lekòl, sispansyon andeyò lekòl, ekspilsyon ak nenpòt lòt mezi disiplinè ki kapab aplike pou posesyon oswa itilizasyon bwason ki genyen alkòl nan pwopriyete lekòl oswa nan moman patisipasyon nan yon aktivite lekòl la oswa pou konsomasyon, izaj, vant oswa posesyon sibstans ilegal jan sa defini nan Chapit 893, Lwa Eta Florid.
 - b. Etabli pwosedi ki dwe aplike pou aksyon ki merite disiplin epi etabli pwosedi pou plasman elèv ki vyolan oswa k ap bay pwoblèm nan yon pwogram edikasyon altènatif.
 - c. Defini epi eksplike responsablite ak dwa elèv nan sa ki genyen rapò avèk prezans, respè pou moun ak pwopriyete, konesans ak obsèvasyon prensip konduit, dwa pou aprann, libète lapawòl, piblikasyon elèv, asanble, vi prive, ak pastisipasyon nan pwogram ak aktivite lekòl.
- Règleman sa yo rekonèt dapre 18 U.S.C. § 922(q)(1)(I)(2)(A) (The Gun-Free School Zones Act), "li dwe ilegal pou nenpòt endividi, volontèman, posede yon zamafe...nan yon kote endividi a konnen, oswa li genyen ase rezon pou li kwè, se yon zòn lekòl" ak 18 U.S.C. § 922(q)(3)(A) "...[L]i dwe ilegal pou nenpòt moun, volontèman oswa pa neglijan pou sekirite yon lòt moun, tire oswa eseye tire yon zamafe...yon kote moun nan konnen se yon zòn lekòl."
- Règleman sa yo rekonèt, konfòmman ak Lwa Florid § 893.13(1)(c) (Zòn Lekòl kote pa dwe genyen okenn dwòg), li ilegal pou kèlkeswa moun nan vann, fabrike, oswa distribiye, oswa posede nan entansyon pou vann, fabrike, oswa distribiye sibstans ki entèdi nan, sou, oswa nan yon distans mil (1 000) pye parapò ak pwopriyete oswa enstalasyon lokal fizik yon gadri timoun dapre jan sa defini nan Lwa Florid § 402.302, oswa yon lekòl primè, mwayen oswa segondè piblik oswa prive, ant 6 zè nan matin ak minwi.
- Anplis, dapre Lwa Florid 1006.07 la, avi sa a fè konnen:
 - a. "... [N]enpòt elèv yo jwenn ki genyen yon zamafe, yon kouto oswa yon zam pandan elèv la nan pwopriyete lekòl la oswa ap patisipe nan yon aktivite lekòl la pou rezon disiplinè, epi sa kapab lakòz pouswit kriminèl. Pote yon zamafe oswa yon zam, jan sa defini nan Lwa Florid. § 790, nan lekòl, nan nenpòt aktivite lekòl la, oswa nan nenpòt transpò lekòl la patwone oswa posede yon zamafe nan lekòl la se rezon pou mezi disiplinè epi sa kapab lakòz pouswit kriminèl.
 - b. "...[N]enpòt elèv yo jwenn ki pote yon zamafe... lekòl la, nan yon aktivite lekòl la ap fè, oswa nan nenpòt transpò lekòl la patwone ap jwenn ekspilsyon, avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif, nan lekòl regilye elèv la."
 - c. "...[I]tilize, posede, oswa vann sibstans ilegal, dapre jan sa defini nan Chapit 893, pral lakoz mezi disiplinè, ki genyen ladan sispansyon nan lekòl la, sispansyon pou pa vini lekòl, ekspilsyon, ak nenpòt mezi disiplinè dapre règleman Komite Dirijan Lekòl la.

- d. "...[V]yolans yon elèv fè kont nenpòt manm estaf lekòl la kapab lakoz sispansyon pou elèv la pa vini lekòl la, ekspilsyon, oswa lekòl la kapab pran lòt mezi disiplinè ki kapab menm lakoz yo rive enpoze sanksyon kriminel kont li."
- e. "... [V]yolasyon règleman transpò Komite Dirijan Distri a, ki genyen ladan konpòtman tapajè andedan otobis lekòl, nan estasyon otobis, kapab lakoz lekòl la sispann privilèj elèv la pou pa monte nan otobis yo ankò epi kapab lakoz lekòl la pran mezi disiplinè epi ki kapab menm lakoz yo rive enpoze sanksyon kriminel kont li."
- f. "... [Y]on elèv ki pa respekte règleman asèlman seksyèl komite dirijan lekòl distri a kapab lakoz sispansyon nan lekòl la, sispansyon pou pa vini lekòl, ekspilsyon, oswa lekòl la kapab enpoze lòt mezi disiplinè, epi li kapab lakòz yo rive enpoze sanksyon kriminel kont li."
- g. Fè menas oswa bay fo rapò, dapre jan sa defini nan Lwa Florid § 790.162 ak 790.163, respektivman, oswa voye, poste, oswa transmèt menas alekri oswa menas elektwonik pou touye, koze blesi kòporèl, oswa fè yon fiziyad sou yon foul moun jan sa defini nan Lwa Florid. §836.10 ki kapab lakòz i enplike lekòl la oswa byen estaf lekòl la, transpò lekòl la oswa yon aktivite lekòl la patwone kapab lakòz mezi disiplinè, ki genyen ladan ekspilsyon epi yo kapab lakòz pouswit kriminel. Sa a gen ladann:
- i. Menas pou voye, pwojè, mete, oswa dechaje nenpòt aparèy destriktif; ak entansyon pou blese kò nenpòt moun oswa avèk entansyon pou domaje byen nenpòt moun.
 - ii. Fè yon fo rapò, avèk entansyon pou twonpe, egare moun, oswa pou bay nenpòt moun fo enfòmasyon, konsènan mete oswa plase nenpòt bonm, dinamit, lòt eksplozif ki kapab touye moun, oswa zam ki kapab detwi anpil moun; jan sa defini nan Lwa Florid §790.163; oswa konsènan itilizasyon zamafe nan yon fason vyolan kont yon moun oswa plizyè moun.
 - iii. Voye, poste, oswa transmèt yon menas fiziyad sou yon foul moun/vyolans oswa teworis jan sa defini nan Lwa Florid §863.10(1), oswa ankouraje pou voye, poste, oswa transmèt yon nòt alekri oswa yon lòt dosye, ki genyen ladan yon dosye elektwonik, nan nenpòt fason yon lòt moun kapab wè nòt alekri oswa dosye menasan pou a) touye oswa blese kò lòt moun; oswa b) fè yon fiziyad sou yon foul moun oswa yon zak teworis nan yon lekòl, transpò lekòl oswa yon aktivite lekòl la patwone.
- h. Dapre Lwa Florid 1006.07 ak Règleman 5.1815 Komite Dirijan lekòl la, Ekip Jesyon Menas lekòl la dwe envestige menas ki fèt nan lekòl oswa andeyò lekòl la ki genyen enpak sou kominote lekòl la. Rezilta Pwosesis Jesyon Menas la kapab abouti ak yon Plan Jesyon Sipò pou Elèv. Y ap enfòme paran ak/oswa responsab legal si y ap fè yon evalyasyon menas sou pitit yo oswa si pitit yo se yon sib potansyèl pou yon menas. Distri lekòl la oblije bay non elèv ki fè yon menas bay paran/responsab legal timoun nan ki se yon sib potansyèl pou yon menas.
- i. Elèv, pwofesè, ak estaf yo genyen obligasyon pou rapòte konsènan konpòtman ak menas pou tèt yo oswa pou lòt moun swa bay administrasyon lekòl la, lapolis, oswa liy konsèy

FortifyFI la. Y ap bay elèv, pwofesè, ak estaf yo konsèy konsènan konpòtman ki bay pwoblèm ak menas yo ta dwe rapòte.

- Nan limit nenpòt definisyon, mezi disiplinè yo rekòmande, oswa nenpòt dispozisyon nan règleman yo ki sèvi kòm baz pou kòd ki gouvène konduit elèv yo ta an kontradiksyon ak lwa Eta a oswa ak prensip komite dirijan edikasyon, se lwa oswa règleman komite dirijan eta a ki dwe genyen priyorite.
- Plent Kont Lekòl
 - a. Elèv, paran, oswa responsab yo oblije suiv pwosedi Distri a etabli pou abòde doleyans disiplinè kont lekòl.
 - b. Sipèentandan an dwe etabli pwosedi pou elèv yo ak paran yo kapab prezante doleyans konsènan disiplin bay otorite lekòl ki apwopriye yo.

Dimansyon Kòd Konduit Elèv

Kòd Konduit pou Elèv la fèt pou kapab pwopoze yon seri repons apwopriye kòm koreksyon pou move konpòtman yo:

- Pwogrè akademik ki fèb se pa yon akson move konpòtman. Kidonk, *Kòd Konduit Elèv* la pa dwe sèvi pou disipline elèv akòz move pèfòmans oswa echèk akademik yo.
- Si yon paran pa sipòte edikasyon pitit li kòm sadwa, pa kapab konsidere kòm yon move konduit timoun nan.
- *Kòd Konduit Elèv* la valab pou tout elèv yo. Sepandan, disiplin pou elèv ki genyen yon andikap dwe aplike dapre lwa federal ak lwa eta a.
- Nan travay nan *Kòd Konduit Elèv* la, administrasyon lekòl la ak estaf yo dwe pran an konsiderasyon diferans kiltirèl yon elèv kapab montre.

Kòd Konduit Elèv la aplikab kont aksyon elèv la lè:

- Elèv yo ap rete tann otobis lekòl k ap transpòte yo gratis swa pou ale oswa pou kite lekòl la.
- Elèv yo nan lekòl.
- Elèv yo ap patisipe nan aktivite lekòl patwone, kèlkeswa si se nan rejyon an, andeyò rejyon an, andeyò eta a, oswa andeyò peyi a
 - Bal gradyasyon
 - Vizite kanpis Kolèj
 - Fèt gradyasyon
 - Pwomnad
 - "Safety Patrol"
- Komèt yon konduit andeyò lekòl la ki deranje anviwònman aprantisaj lekòl la. Elèv yo kapab fè fas ak konsekans disiplinè pou konduit andeyò lekòl la ki genyen yon enpak negatif sou pwogram edikasyon, disiplin, oswa byennèt lekòl kote yo enskri.

Nan efò pou kapab aplike kòm sadwa metòd pou ankouraje Plan Entèkansyon ak Sipò Konpòtman Pozitif (PBIS, ann Anglè) epi pou redui tan enstriksyon ki pèdi, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la espere chak lekòl pral itilize plizyè varyete estrateji korektif. Pwofesè yo dwe itilize epi dokimante yon minimòm de (2) rechèch ki baze sou entèkansyon anvan yo ekri ak soumèt yon rekòmmandasyon disiplinè pou yon ofans minè. Men kèk egzanp nou bay anba la.

Kèk egzanp entèkansyon ak Estrateji Korektif Pwofesè/kapab fè nan salklas, avan yo fè Rekòmmandasyon Disiplinè

<i>Estrateji Korektif</i>	<i>DESKRIPSYON</i>
Ekskiz Restitasyon	Elèv la dwe fè ekskiz pou konpòtman negatif nan pran responsablite pou l korije pwoblèm konpòtman an te kreye a, atravè swa deklarasyon vèbal oswa ekri pou eksprime regrè li.
Siyen pou Antre/Siyen pou Soti	Kontakte chak jou yon adilt yo deziye nan lekòl la. Elèv la ta dwe wè adilt la, jan yo te dakò (sa vle di, avan ak apre lekòl la kòmanse, nan moman manje midi) selon orè klas elèv la ak objektif estraji korektif la.

Konferans ak Paran (yo)	Pwofesè a kominike ak paran elèv la swa nan telefòn, nan imèl, biyè ekri oswa an pèsòn konsènan pwoblèm nan.
Konferans ak Elèv	Pase tan an prive ak elèv la pou diskite solisyon oswa entèvansyon ki kapab fèt pou konpòtman an. Sa kapab enkli enstriksyon sou konpòtman swetab oswa y ap atann elèv la genyen.
Travay kòm piniyon Restitasyon	Elèv la konplete yon tach ki konpanse pou aksyon negatif la epi deklanche yon dezi pou pa repete konpòtman negatif la. (tankou, netwaye, ede yon lòt moun).
Detansyon	Prezans obligatwa pou yon peryòd tan sipèvize, jeneralman inèdtan aprè lekòl lage, pandan repa midi, oswa samdi.
Plan pou Lakay/ Lekòl la	Paran (yo) ak pwofesè dakò pou yon apwòch konsistan. Plan an ta dwe konsistan ak pratik PBS, ki mete anfas sou ansèyman epi rekonpanse konpòtman ki apwopriye epi itilize konsekans ki konsistan pou konpòtman pwoblematik. Paran ak pwofesè yo ta dwe eksplike elèv la Plan Lakay/Lekòl la, jan sa apwopriye.
Pinisyon Nan Klas	Konsekans predetèmine akòz vyolasyon règleman konduit salklas pou yon ti tan (senk minit oswa mwens, souvan separe ak rès gwoup la, men andedan klas la) oswa retire atansyon l ak lòt mwayen ranfòsman (yon tan pou elèv la reflechi sou aksyon li an).
Gid	Yon adilt oswa yon elèv yo dakò pou l bay sipò, konsèy, ak èd konkrè pou yon elèv ki bezwen yon modèl pozitif.
Pinisyon Andeyò Klas	Yo mete elèv nan yon lòt anviwònman yo sipèvize pou yon tan pinisyon (sa vle di, yon lòt klas) ki lejèman pi long pase pinisyon nan klas la (30 minit oswa mwens). Elèv yo dwe respekte prensip pinisyon eksklizyon Yo dwe anseye elèv yo pwosedi pinisyon yo avan yo aplike yo.
Pèt privilej	Yo pèdi avantaj yo bay pou konpòtman pozitif, (sa vle di, senk minit nan tan òdinatè).
Devwa Refleksyon	Ede elèv la reyalize poukisa move konpòtman li a pa t bon nan mande l fè yon redaksyon pou l reflechi sou sa.
Anseye/Anseye ankò Konpòtman yo Atann Elèv Genyen	Anseye epi bay egzanp konpòtman yo atann elèv yo genyen difikilte pou yo konfòme yo avèk yo.
Kontra Alekri	Elèv, pwofesè, ak paran (yo) kapab fòmile yon dokiman pou eksprime entansyon elèv la pou repare oswa evite pou yon konpòtman pwoblematik pa repete. Kontra ki fèt alekri yo dwe redije sou yon ton pozitif epi ta dwe enkli avantaj, men yo genyen dwa enkli tou konsekans pou movèz konduit.

* Nenpòt devwa oswa fòm kominikasyon alekri pou lakay dwe fèt nan yon lang paran ak elèv kapab konprann trè byen.

Prevansyon Administratif ak Entèvansyon Bonè

Avan yon elèv resevwa yon sispansyon, se responsablite administratè lekòl la pou l fè sèten elèv la te resevwa de (2) entèvansyon ki te eseye rezoud pwoblèm move konpòtman li a. Entèvansyon sa yo dwe DOKIMANTE. Eksepsyon pou sa a se ofans ki pi grav, ki te rive san pa te genyen dabò opòtinite pou ofri entèvansyon bonè

<i>Estrateji Korektif</i>	<i>DESKRIPSYON</i>
Kontra Konpòtman	Yon kontra oswa yon plan ekri/vèbal pou elèv la ak kondisyon, objektif ak rezilta pou elèv la devlope konpetans ki nesèsè pou korije ensidan yo endike a.
Sèvis Kominotè	Elèv la bay sèvis oswa nan fè aktivite ki nan avantaj kominote a oswa enstitisyon ki nan zòn nan.
Konferans ak Paran (yo)	Administratè ak Pwofesè kominike ak paran (yo) elèv la swa nan telefòn, nan imèl, nòt alekri oswa an pèsòn konsènan pwoblèm nan.
Konferans ak Elèv	Pase tan an prive ak elèv la pou entèvansyon/solisyon pou korije konpòtman an. Sa kapab enkli enstriksyon dirèk yo atann oswa konpòtman ki dezirab.
Rapò Kotidyen / Ebdomadè	Yon rapò sou pwogrè ak/oswa yon fèy devwa ki bay elèv la ak paran li opòtinite pou yo suiv pwogrè akademik ak konpòtman li nan chak klas li yo pou yon peryòd tan espesifik.
Detansyon	Prezans obligatwa pou yon peryòd tan y ap kontwole, jeneralman inèdtan aprè lekòl, pandan repa midi, oswa samdi.
Pèt Privilèj (pandan lekòl ap fonksyone)	Pèdi privilèj (yo) pandan lè lekòl tankou asanble, pwomnad, ak aktivite pou rekonpanse. (Pèdi yon pwomnad akademik ta dwe rive sèlman lè genyen yon pwoblèm sekirite.)
Gid	Yon adilt oswa yon elèv yo dakò pou li bay sipò, konsèy, ak èd konkrè pou yon elèv ki bezwen yon modèl pozitif.
Paran/Responsab Patisipe nan klas ak Pitit yo	Paran/Responsab la dakò pou siveye timoun nan ak/oswa suiv timoun nan klas li pandan yon sèten tan nan jou lekòl pitit la.
Reyinyon Plan (IEP, LEP, 504)	Rekòmande elèv la bay depatman/gwoup diskisyon pou devlope yon metòd aksyon/entèvansyon pou elèv la.
Rekòmandasyon pou Medyasyon ak Administratè	Rekòmandasyon pou medyasyon avèk yon administratè lekòl la pou ensidan yo endike a.
Rekòmandasyon pou Medyasyon ak Kamarad	Rekòmandasyon pou medyasyon ak yon kamarad sou ensidan yo endike a.
Rekòmandasyon bay ekip ki baze nan lekòl	Rekòmandasyon bay ekip ki baze nan lekòl la pou entèvansyon ki posib.
Rekòmandasyon bay Konseye Lekòl	Konseye pedagogik la bay elèv la konsèy pou ede elèv la devlope oswa itilize konpetans nesèsè pou konfwonte ensidan yo endike a.

Jistis Restoratif	Yon metòd byen estriktire yon fasilite kalifye ap dirije kote patisipan ki te enplike nan yon ensidan ap egzamine enpak volontè ak envolontè aksyon yo te komèt epi deside ansanm sou fason pou repara domaj la ak retabli bon relasyon.
Chanjman orè (chanje orè klas regilye yo)	Yon chanjman pèmanan nan orè klas oswa pwogram etid elèv la.
Travay nan Lekòl la (lè lekòl la ap fonksyone)	Elèv la travay pou ede nenpòt estaf pandan lè lekòl la ap fonksyone, èd sa a kapab enkli netwaye lakou oswa koulwa lekòl la.
Repa midi san pale / Retni nan rekreyasyon	Yon kote separe ak/oswa deziyasyon yon plas byen detèmine pou elèv la chita pandan yon peryòd repa midi. Anplis administratè a kapab mande li ede fè netwayaj nan kafeterya a, swa pou bale, siye tab ak/oswa ede nan lòt aktivite netwayaj.
Chanje klas pwovizwaman (akoutèm)	Retire elèv la pwovizwaman nan salklas regilye li pou mete li nan yon lòt salklas. Yo pral bay elèv la opòtinite pou fini devwa klas regilye li nan yon anviwònman altènatif.
Retire li nan Klas la Tanporèman	Retire elèv la pwovizwaman nan anviwònman aprantisaj nòmal li yo pou mete li nan yon lòt anviwònman separe, kote pou l etidye pou kont li pandan yon brèf peryòd tan.
Restitasyon volontè /Inisyativ yo te deziye	Elèv yo repara move aksyon, pran responsabilite pou korije pwoblèm nan, atravè yon eskiz ekri oswa oral.

* Nenpòt devwa alekri oswa kominikasyon y ap voye lakay elèv dwe nan yon langaj elèv ak Paran kapab konprann.

Gid sou Medya Sosyal

Lekòl Piblik nan Rejyon Palm Beach la reyalize yon pati nan aprantisaj 21^{yèm} syèk la se adaptasyon ak chanjman metòd kominikasyon. Enpòtans pwofesè, angajman elèv ak paran, kolaborasyon, aprantisaj, ak pataj nan anviwònman dijital sa yo se yon pati nan aprantisaj nan 21^{yèm} syèk la. Nan ka sa a, estanda edikatif yo mande pou moun itilize materyèl edikatif sou entènèt pou demontre konpetans. Pou korije pwoblèm ki genyen rapò ak sa, PBCSD te devlope yon seri règleman pou bay elèv ak kominote distri lekòl la direksyon lè y ap patisipe nan aktivite medya sosyal sou entènèt.

Medya Sosyal refere a itilizasyon sou baz entènèt ak teknoloji mobil ki pèmèt pati entèn ak ekstèn nan lekòl piblik rejyon Palm Beach pou konekte, kolabore, ak fòme kominote vityèl atravè òdinatè ak/oswa entènèt. Pou kèk moun, medya sosyal yo itilize pou rezon sosyal; men pou lòt moun, yo itilize sit entènèt ak teknoloji sa yo kòm zouti pou anseye epi konekte ak kominote a.

Premye amandman an, anjeneral, pwoteje dwa endividi a pou patisipe nan aktivite medya sosyal. Sepandan, lalwa ak tribinal òdone lekòl kapab disipline elèv ak manm estaf si pawòl yo di sa enkli materyèl yo poste lè yo pa sou kanpis la, materyèlman ak sibstansyèlman deranje operasyon lekòl la, rezonableman ta sanble yon deranjman materyèl ak sibstansyèl lekòl la, konstitye kòm yon vyolasyon kèk lwa federal oswa eta oswa Komite Dirijan Lekòl la ki enpòtan.

Paske medya sosyal yo konekte ak odyans ki pi lwen pase kominote a epi kapab kreye enpresyon ki dire lontan, elèv yo dwe pran tout responsablite lè y ap itilize sit entènèt medya sosyal yo epi responsab pou aksyon yo. Elèv yo pa ta dwe konsidere pa poste oswa lye anyen ak sit entènèt rezon sosyal yo pa ta renmen kondisip yo, pwofesè yo, ofisye admisyon kolèj, oswa anplwayè alavni yo wè. Elèv yo ta dwe fè sèten yo kontwole aksè nan kont prive yo kreye a, pa janm pataje enfòmasyon pèsonèl yo ak moun yo pa konnen sou sit entènèt ki pa ansekirite epi pwoteje modpas sit entènèt yo.

Yo dwe evite reprezante idantite yon lòt moun mal. Elèv yo ta dwe sonje pou yo respekte lòt moun. Lè w ap reponn yon lòt moun kote ou pa dakò, fè sèten kritik la konstruktif epi li pa blesan. Fè atansyon ak langaj pwofàn, obsèn, oswa menasan.

Si itilizasyon oswa poste nan yon sit entènèt medya sosyal kreye yon pwoblèm sibstansyèl ak materyèl nan yon lekòl, kèlkeswa lè ak kote li te ye pandan yo t ap poste nan sit medya sosyal, elèv yo pral sibi estanda konpòtman ki tabli nan Kòd Konduit Elèv la.

Deepfakes ak materyèl AI Bay

Kreyasyon, distribisyon, oswa itilizasyon kontni dijital yo manipile (videyo, imaj, odyo), yo rekonèt kòm deepfakes, pou defòme yon moun kòm li fè oswa di yon bagay li pa te fè oswa di, se konplètman entèdi. Sa a enkli itilizasyon malveyan deepfakes oswa nenpòt materyèl AI pwodwi/bay pou blese, twonpe, entimide, oswa difame lòt moun. Itilizasyon edikatif deepfakes ak materyèl AI pwodwi/bay yo otorize sèlman si yo make li klèman kòm sa yo epi si yon pwofesè oswa yon administratè te apwouve davans yo. Transparans ak jwenn konsantman nan men nenpòt moun ki reprezante yo se kondisyon obligatwa. Vyolasyon règleman sa a pral lakòz mezi disiplinè, ki ka gen ladan sispansyon, ekspilsyon, oswa aksyon legal, depann sou severite ofans lan. Yo ta dwe rapòte nenpòt move itilizasyon yo ta sispèk bay otorite lekòl yo imedyatman pou envestigasyon rapid ak mezi apwopriye. Lekòl la angaje li pou li bay edikasyon sou itilizasyon etik medya dijital yo, ak yon fokus sou konpreyansyon enplikasyon ak danje potansyèl *deepfakes* ak lòt kontni AI-pwodwi/bay.

Gid Disiplin

Daprè Kòd Konduit Elèv la, gid sou Disiplin nan se yon enstriman administratè yo pou reponn yon fason apwopriye lè elèv yo komèt enfraksyon disiplinè. Yo prepare enstriman sa a pou ofri konsistans nan tout nivo atravè Distri a yon fason pou disipline elèv yo ekitableman soti nan yon lekòl ale nan yon lòt lè konpòtman egzijè disiplin andeyò salklas.

Gid sou Disiplin nan pa aplike nan jesyon klas dapre jan pwofesè mande l, men okontrè kòm yon etap pwogresif lè yon elèv vyole règleman ki egzijè pou yon direktè (tris) ak/oswa reprezantan l pou enpoze kèk konsekans. Kèk vyolasyon nan règleman yo tankou posede zam, agresyon, asèlman seksyèl, egzijè mezi inisyal Administratif imedyat.

Yo deziye gid sou Disiplin pou ede w ak pitit ou a nan konpreyansyon konsekans yo lè règleman lekòl vyole. Pandan pi fò paran ki pa p bezwen familye ak gid sou disiplin nan, Komite Dirijan ak Distri a vle asire pou paran yo okouran sou aksyon responsab lekòl yo lè elèv yo mal konpòte yo. Gid disiplin nan pèmèt responsab yo bay menm pinisyon, kèlkeswa lekòl pitit ou a ye. Lè yon elèv genyen anpil vyolasyon nan yon sèl ensidan, tankou goumen avèk yon zam, administratè a pral *enpoze konsekans ki pi sevè yo*.

Lwa (SB 7026) pou Sekirite Lekòl Piblik Segondè *Marjory Stoneman Douglas* ekzijè yon rekòmandasyon pou sèvis sante mantal ki obligatwa pou tout elèv ki komèt enfraksyon ki pral site la yo: (1) nenpòt elèv ki detèmine menase oswa fè yon fo temwayaj; (2) pote yon revolvè oswa zam; (3) nenpòt moun ki fè, afiche, oswa voye fè yon menas alekri oswa lòt anrejistreman, enkli anrejistreman elektwonik, pou komèt fiziyad an mas oswa yon aksyon teworis, sou nenpòt manyè ki ta pèmèt yon lòt moun temwen menas la. Anplis, rekòmandasyon pou sèvis sante mantal ap obligatwa pou nenpòt elèv yo rekòmande pou ekspilsyon.

Menmjan avèk Kòd Konduit pou Elèv la, moun ki genyen enterè nan distri a revize Gid Disiplin nan chak ane, enkli paran, pwofesè, administratè, konseye, ak lòt reprezantan kominotè yo.

Yo klase Rekòmandasyon pou Ensidan Disiplinè yo nan Rejyon Palm Beach la kòm enfraksyon Nivo 1, Nivo 2, Nivo 3 oswa Nivo 4. Lè genyen yon desizyon sou ki mezi disiplinè k ap pran, direktè (tris) oswa reprezantan li ap konsidere laj elèv la, eksepsyonalite, estati ELL, konduit pase, entansyon, ak gravite ensidan an.

Yo mande administratè yo pou bay disiplin nan yon fason pwogresiv. Prensip ki mansyone la yo se pou itilize mezi ki mwen sevè a men ki apwopriye pou movè konpòtman an. Administratè yo kapab ogmante severite konsekans la si movè konpòtman an kontinye.

Administratè yo dwe voye nenpòt elèv ki kontinye montre konpòtman dezobeyisan, mank respè, vyolan, abizif, ki enkontwolab, oswa konpòtman ki deranje Ekip Etid Timoun oswa Ekip ki Baze nan Lekòl (ki genyen ladan paran oswa responsab legal) pou yo kapab idantifye entèvansyon ki apwopriye, tankou kontra konpòtman. Si entèvansyon sa yo pa pote amelyorasyon nan konpòtman elèv la, Ekip Etid Timoun nan oswa Ekip ki Baze nan Lekòl la ap diskite pou konnen si edikasyon altènatif se yon opsyon pou elèv la.

Nivo En (1)

<p style="text-align: center;">Konpòtman</p> <p>Ensidan Nivo 1 yo se konpòtman ki twouble fonksyònman nòmal salklas, lekòl, transpò oswa lòt aktivite ki andeyò kourikoulòm</p> <p style="text-align: center;"><u>ENSIDAN NIVO 1 YO</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Reta, Abityèl SBT ➤ Absans repete san rezon /absans san eksplikasyon SBT ➤ Andeyò zòn li sipoze ye ➤ Kite lekòl la san pèmision ➤ Vyolasyon Kòd Abiman ➤ Fè karès an piblik ➤ Triche (Pran poul) ➤ Pa respekte prensip lekòl yo ➤ Vyolasyon prensip otobis ➤ Itilize òdinatè/teknoloji mal (ka minè) ➤ Jwèt oswa konpòtman destriktif (twoublan) ➤ Langaj derespektan ➤ Konfwontasyon ➤ Manti/Fo deklarasyon ➤ Vyolasyon prensip Telefòn Selilè /Teknoloji ➤ Atik ki entèdi, Itilizasyon medikaman ki pa otorize ➤ Vant/Distribisyon Materyèl ki pa otorize ➤ Aktivite ki pa apwopriye ➤ Dezobeyisans/Ensibòdinasyon 	<p style="text-align: center;">Responsablite Administratif</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Envestigasyon (M) ➤ Kontakte Paran /Responsab (M) ➤ Konferans ak Elèv (M) ➤ Kolekte Deklarasyon Elèv (M) ➤ SBT=Rekòmandasyon bay Ekip ki baze nan lekòl (M) ➤ Pou elèv ESE yo, gade paj 30 (pwoseisis IDEA) <p style="text-align: center;">Degre Estrateji Korektif</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Revize Matris Atant yo ➤ Re-anseye Konduit ➤ Antrènman ➤ Fè Devwa Refleksyon ➤ Lèt Ekskiz ➤ Repons Entèvansyon Konpòtman nan Salklas (CBIR) <p>M = Obligatwa</p>	<p style="text-align: center;">Nivo Mezi Disiplinè</p> <p>Direktè (tris) la oswa reprezantan li kapab revise epi konsidere yon kòd disiplin ki pi gwo si ensidan an rive plis pase yonfwa apre yo fin itilize estrateji oswa direktiv korektif ki deja dokimante. Anplis mezi obligatwa yo (M), direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li kapab chwazi youn oswa plizyè nan mezi Nivo 1 ki anba yo.</p> <p style="text-align: center;"><u>MEZI NIVO 1</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Konferans avèk Paran yo ➤ Rekòmandasyon bay Konseye Lekòl ➤ Rekòmandasyon Medyasyon ak Kamarad ➤ Rekòmandasyon pou Medyasyon Administratif ➤ Kontra sou konpòtman ➤ Reyinyon Plan (IEP, 504, LEP) ➤ Rapò chak jou / chak semen ➤ Chanjman Orè ➤ Paran Responsab vin lekòl ak elèv la ➤ Restitasyon Volontè ➤ Plas fiks nan Otobis ➤ Repa midi an Silans/ Detansyon nan Moman Repa Midi ➤ Retni apre lekòl ➤ Retni pwolonje oswa miltip ➤ Detansyon Lekòl nan samdi ➤ Konfiskasyon ➤ Rezolisyon konfli ➤ Gid ➤ Rekòmandasyon bay lòt ajans
--	--	---

Nivo de (2)

Konpòtman	Responsablite Administratif	Degre Mezi Disiplinè
<p>Ensidan Nivo 2 yo pi grav pase sa ki nan Nivo 1 yo. Ensidan Konpòtman sa yo entèfere anpil ak pwosesis aprantisaj ak/oswa byennèt lòt moun</p>	<ul style="list-style-type: none"> ➤ Investigasyon (M) ➤ Deklarasyon temwen (M) ➤ Kontakte Paran/ Responsab legal (M) ➤ Konferans avèk Elèv (M) ➤ Kolekte Deklarasyon Elèv (M) ➤ Tit 9=Investigasyon (M) ➤ SBT =Rekòmandasyon bay SBT (M) ➤ TVP= Enskri nan Pwogram Tabak/Vape (M) ➤ CB=Estrateji Konpòtman Korektif ki te Dokimante anvan ➤ TA=Evalyasyon Menas (M) ➤ Pou elèv ESE yo, gade paj 30 (pwosesis IDEA) 	<p>Direktè (tris) la oswa reprezantan li ta dwe aplike kote ki apwopriye disiplin nan yon fason pwogresif. Anplis mezi obligatwa yo (M), direktè (tris) la oswa reprezantan li kapab chwazi youn oswa plizyè nan estrateji yo ki nan Nivo 1 an, ansanm avèk youn oswa plizyè nan mezi nan Nivo 2 yo.</p>
<p style="text-align: center;"><u>ENSIDAN NIVO 2</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Arasman (ki pa seksyèl) SBT ➤ Twouble Otobis ➤ Langaj pwofàn oswa Obsèn ➤ Menas, ki pa kriminèl TA ➤ Agresyon Fizik ➤ Dezobeyisans/Ensibòdinasyon Repete CB/SBT ➤ Entimidasyon/Entimidasyon sou entènèt SBT ➤ Kraze Brize mwens pase \$1000 ➤ Ti vòl oswa vòl ki pa depase \$750 ➤ Posesyon pwodui tabak (enkli Vape/ENDS) SBT/TVP ➤ Pa pran retni yo bay (Regilye) ➤ Pa pran retni yo bay (samdi) ➤ Fedatifis/Peta ecrackers ➤ Fòje siyati dokiman ➤ Jwèt aza SBT ➤ Asèlman seksyèl SBT/Tit 9 ➤ Posesyon Lòt Enstriman oswa Objè ➤ Deklarasyon Menasan, Ki pa Kriminèl ➤ Aktivite inapwopriye ki Grav ➤ Triche Grav 	<p style="text-align: center;">Degre Estrateji Korektif</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Revize Matris Atant yo ➤ Antrènman ➤ Devwa Refleksyon ➤ Lèt Ekskiz ➤ Siyen pou Antre/Soti ➤ Jistis Restoratif ➤ Akò pou rete adistans ➤ Plan pou Sekirite viktim nan 	<p style="text-align: center;"><u>MEZI NIVO 2</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Jistis Restoratif ➤ Sèvis Kominotè ➤ Pèdi Privilèj ➤ Entèvansyon nan lekòl ➤ Sispanasyon nan lekòl ➤ Jou pou pase an retni ➤ Sispanasyon nan otobis ➤ Sispanasyon andeyò lekòl pou 1-5 jou
	<p>M = Obligatwa</p>	

OfansTabak/VAPE (TV)

** 1^{ye} Ofans – Vyolasyon Tabak – Bay elèv yo opòtinite pou yo chanje 3 jou nan 5 jou sispansyon obligatwa andeyò lekòl pou yo kapab patisipe nan pwogram Tabak/VAPE Distri a apwouve, ki pa genyen rapò ak dwòg (TVP).

** 2^{yèm} Ofans – Vyolasyon Tabak – Bay elèv yo opòtinite pou yo chanje 2 jou nan 5 jou sispansyon obligatwa andeyò lekòl pou yo kapab patisipe nan pwogram Tabak/VAPE Distri a apwouve, ki pa genyen rapò ak dwòg (TVP).

** 3^{yèm} Ofans - Tabak/VAPE ki pa gen rapò ak dwòg – EGZIJE yon reyinyon paran an ak yon sispansyon deyò lekòl pou 5 jou (an anglè OSS).

** Vyolasyon Tabak/VAPE repete ki pa genyen rapò ak dwòg egzije yon sispansyon deyò lekòl pou 10 jou (an anglè OSS).

Nivo Twa (3)

Konpòtman	Responsablite Administratif	Nivo Mezi Disiplinè
<p>Ensidan nivo 3 pi grav pase ensidan nivo 2. Ensidan sa yo koze twoub konsiderab nan pwosesis aprantisaj la. Ensidan sa yo koze pwoblèm pou sante ak/oswa sekirite, oswa domaj nan pwopriyete lekòl.</p> <p style="text-align: center;"><u>ENSIDAN NIVO 3</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Goumen ➤ Agresyon vèbal sou elèv ➤ Agresyon vèbal sou SBE/LEO ➤ Ekstòsyon /Chantaj/Kontrent ➤ Vòl ➤ Toumante nouvo elèv ➤ Vòl/Detounman byen egal oswa pi plis pase \$750 ➤ Dezòd Kriminèl/Vandalis (sabotaj) egal oswa pi plis pase \$1000 ➤ Kraze ak antre pa fòs /vòlè ➤ Mal itilize òdinatè/teknoloji (Grav) ➤ Kondui machin ak neglijan ➤ Vòlè machin ➤ Fòje oswa fè fo Dokiman ➤ Agresyon Seksyèl (Tit 9) ➤ Itilizasyon/posesyon/estoke preskripsyon medikaman san otorizasyon AOD ➤ Alkòl AOD ➤ Dwòg <i>Paraphernalia</i> AOD ➤ Dwòg oswa fo dwòg ki prezante kòm dwòg (itilizasyon/posesyon/estokaj) AOD ➤ Sigarèt <i>Vape/ Lavant ENDS Paraphernalia</i>/Distribisyon (ki pa dwòg) AOD ➤ Menas/Entimidasyon TA ➤ Deranjman fonksyonman lekòl 	<p>Responsablite Administratif</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Kontakte Paran/Responsab (M) ➤ Konferans ak elèv la (M) ➤ Envestigasyon (M) ➤ Deklarasyon Temwen (M) ➤ Kolekte Deklarasyon Elèv (M) ➤ Enfòmè Polis Lekòl (M) ➤ Rekòmandasyon bay Ekip ki baze nan lekòl (M) ➤ MHR=Rekòmandasyon Sèvis Sante Mantal (M) ➤ Tit 9= Envestigasyon (M) ➤ TA – Evalyasyon Menas (M) ➤ AOD = Enskripsyon nan Pwogram Alkòl/Lòt Dwòg (M) ➤ Pou elèv ESE, gade paj 30 (pwosesis IDEA). <p style="text-align: center;">M= Obligatwa</p>	<p>Nivo Mezi Disiplinè</p> <p>Anplis mezi obligatwa yo (M), direktè (tris) la oswa reprezantan li kapab chwazi youn oswa plizyè nan estrateji yo ki nan Nivo 1 an ak 2, ansanm avèk youn oswa plizyè nan mezi nan Nivo 3 yo.</p> <p style="text-align: center;"><u>MEZI NIVO 3</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Pèdi aktivite ekstra eskolè ➤ Sispanasyon nan lekòl 1-10 jou ➤ Rekòmandasyon pou Ensidan Grav <p><u>Direktè (tris) yo kapab mande pou youn Komite pou Evalyasyon Disiplin pou nenpòt Enfraksyon ki ta genyen youn karaktè inik.</u></p>

<ul style="list-style-type: none">➤ Antre san pèmisyon (trespassing)➤ Konduit Endesan, oswa aksyon obsèn➤ Enkonduit seksyèl➤ Posesyon objè danjere MHR/TA		
---	--	--

Ofans ki genyen rapò ak Alkòl oswa Lòt Dwòg (AOD)

*** 1^{ye} Ofans – 10 jou sispansyon deyò lekòl (OSS)/5 jou nan retni (abeyance) si elèv la patisipe nan pwogram Alkòl oswa Lòt Dwòg (AOD) Distri a apwouve .

*** Vyolasyon Alkòl oswa Lòt Dwòg repete pandan menm ane a – EGZIJE yon sispansyon deyò lekòl pou 10 jou (OSS) epi Direktè(tris) la kapab fè yon rekòmandasyon Plasman pou Ensidan Gra.

Nivo Kat (4)

Konpòtman	Responsablite Administratif	Konsekans Disiplinè
<p>Konpòtman sa yo se yo ki pi grav nan tout move konduit elèv epi ki menase lavi</p> <p><u>ENSIDAN NIVO 4</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Menas vyolans iminan, nivo ki wo nivo TA ➤ Tantativ Aksyon Kriminèl Kont yon Moun TA ➤ Posesyon Zamafe, Revolvè, Fizi, Fizichas TA ➤ Agresyon sou Ofisye Polis ➤ Posesyon, Itilizasyon, Vant, Estoke oswa Distribisyon yon Objè Eksplozif TA ➤ Vant, nan Entansyon pou vann, oswa Distribisyon Dwòg, Dwòg oswa fo dwòg ki prezante kòm dwòg oswa Preskripsyon Medikaman ➤ Agresyon Grav MHR ➤ Frape oswa bat elèv/moun sevèman (Moun ki pa anplwaye distri a) ➤ Vòl ak zamafe MHR ➤ Frape oswa Bat sevèman Anplwaye Distri a ➤ Agresyon Seksyèl Title IX ➤ Kaptire, oswa anlve TA ➤ Mete Dife TA ➤ Menas Bonm MHR/TA ➤ Afiche/Transmèt yon Menas pou touye, blese kò moun oswa fè yon fiziyad sou foul moun oswa teworis TA ➤ Omisid MHR ➤ Posesyon Zamafe TA 	<ul style="list-style-type: none"> ➤ Investige (M) ➤ Deklarasyon Temwen (M) ➤ Kolekte Deklarasyon Elèv (M) ➤ Kontakte Paran/Responsab (M) ➤ Konferans ak elèv la (M) ➤ Konfisaksyon (si sa aplikab) (M) ➤ Enfòm Biwo Rejyonal (M) ➤ Enfòm <i>Safe Schools</i> (M) ➤ Enfòm polis lekòl (M) ➤ Rekòmandasyon pou Sèvis Sante Mantal (M) ➤ Rekòmandasyon bay SBT (M) ➤ TA=Evalyasyon Menas (M) ➤ Tit 9= Investigasyon (M) ➤ Pou elèv ESE yo gade nan paj 31 (pwosesis IDEA) <p>M= Obligatwa</p>	<p>Anplis mezi obligatwa yo (M), direktè (tris) la oswa reprezantan li kapab chwazi youn oswa plizyè nan estrateji yo ki nan Nivo 1, 2 ak 4.</p> <p><u>MEZI NIVO 4</u></p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Sispanasyon nan lekòl pou jou (M) ➤ Rekòmandasyon pou mete Deyò oswa Plasman pou Ensidan Grav (M) <p><u>Direktè (tris) yo kapab mande pou yon Komite pou Evalyasyon Disiplin pou nenpòt Enfraksyon ki ta genyen yon karaktè inik.</u></p>

Konsekans Distri a te enpoze

Konsekans lekòl kapab rekòmande men se sèl distri a ki kapab enpoze yo.

Plasman altènatif ann atandan Ekspilsyon

Distri a ap plase elèv nan yon lekòl altènatif ann atandan desizyon yon Komite Revizyon Disiplin

Plasman nan Pwogram Espesyal/ Lekòl Altènatif/ Pwogram Altènatif (Distri-plase)

Distri a ap plase elèv nan yon lekòl Edikasyon Altènatif pou yon peryòd detèmine. (Selon Règleman 8.13 Komite Dirijan Lekòl 5.1814, 5.1813, 5.18175 oswa 8.13)

Criminal Youth Diversion

Distri a ap travay an kolaborasyon avèk Depatman Jistis Jivenil pou rekòmande elèv ki komèt yon ofans kriminel pou yo pèmèt yo patisipe nan yon pwogram ki pèmèt moun ki komèt ofans antre nan yon pwogram kominotè estriktire ki pa gen okenn dosye arestasyon lè yo fini pwogram nan avèk siksè, si sa aplikab.

Ekspilsyon

Retire dwa ak obligasyon yon elèv genyen pou li ale nan lekòl piblik selon kondisyon Komite Dirijan Lekòl la tabli epi pou yon peryòd tan ki pa depase rès peryòd tan an oswa ane eskolè a plis yon (1) lòt ane. Yo kapab enpoze ekspilsyon avèk oswa san sèvis edikatif kontini epi yo dwe rapòte sa Lwa Florid. § 1003.01(6) (Selon Règleman 5.18175 Komite Dirijan Lekòl 5.181475) mande sa.

Anvan peryòd ekspilsyon an ekspire, sipèntandan lekòl distri a dwe deside, dapre detèminasyon ekip jesyon menas la, si wi oswa non peryòd ekspilsyon an dwe pwolonje, ki sèvis edikatif yo pral bay elèv la. Yo dwe bay elèv la oswa paran li rekòmandasyon pou pwolonje peryòd ekspilsyon an annakò ak seksyon 1006.08(1).

Ensidan Sispansyon pou Krim

Yo dwe itilize kòd ensidan sa a pou elèv yo te bay sispansyon pou krim dapre atik Lwa Florid § 1006.09(2) ak SBER 6A-1.0956, epi yo rekòmande pou yo ale nan yon pwogram edikasyon altènatif jiskaske yo jije elèv la. Si yo jwenn elèv la koupab, direktè (tris) la kapab rekòmande ekspilsyon. (Selon Règleman Komite Dirijan Lekòl la 5.18175)

Onore yon Ekspilsyon ki soti nan yon lòt Distri

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ap onore ekspilsyon yon lòt distri lekòl te enpoze si se yon ofans ki te merite ekspilsyon nan Rejyon Palm Beach.

IAES

Etablisman Edikasyon Altènatif pa Enterim pou yon elèv ESE ki rive jiska karant senk (45) jou kalandriye san konsantman paran pou:

- a. Posesyon zam danjere nan lekòl oswa nan aktivite lekòl ; oswa
- b. Posesyon, itilizasyon, lavant oswa mande yon sibstans illegal pandan li lekòl oswa nan aktivite lekòl; oswa
- c. Domaj Fizik Grav.

Sispansyon Alontèm (Distri a apwouve epi aplike)

Lwa Florid § 1006.09(1) (b) Bay Sipèntandan an pèmision pou li pwolonje yon sispansyon plis pase 10 jou lekòl si yo te rekòmande pou yo ekspilse elèv la.

Rekòmasyon bay Tribinal oswa Otorite Jivenil

Distri a kapab voye elèv yo bay tribinal oswa bay otorite jivenil yo pou sèten zak movèz kondwit.

Otorizasyon pou Sispansyon

Sòf si ofans lan antre nan paramèt Règleman Komite Dirijan Lekòl la 5.18175 ak jan Règleman 6A-1.0956 Komite Dirijan Edikasyon Eta a pèmèt, sispansyon yon elèv nan lekòl poutèt li komèt nenpòt nan enfraksyon ki jistifye sispansyon an dapre Kòd Konduit sou Konpòtman Elèv nan Rejyon Palm Beach ap aplikab sèlman si ofans la genyen rapò ak aktivite lekòl oswa prezans lekòl.

Ofans sa yo kapab rive nenpòt lè, enkli, men pa limite sèlman ak, pandan elèv la nan lakou lekòl; pandan li nan otobis lekòl oswa pandan aktivite lekòl la patwone. Yo kapab jistifye sispansyon otobis tou pou enfraksyon ki fèt sou machin transpò lekòl yo.

Nenpòt lè yon lekòl ta sispann yon elèv pou yon total **dis (10)** jou lekòl pandan ane eskolè a, yo dwe enfòmè biwo Rejyonal/Sipèentandan Pedagojik la epi voye elèv la bay Ekip ki Baze nan Lekòl la pou diskisyon nesèsè ak entèvansyon posib.

Sispansyon enfòmèl (sa vle di: yo mande yon paran pou kenbe yon timoun lakay sou siveyans paran an oswa voye yon elèv lakay li san benefis yon reyinyon oswa ak san dokimantasyon ofisyèl) se yon vyolasyon lwa lekòl obligatwa nan Eta Florid, Lwa sou Edikasyon pou moun ki andikap (IDEA) ak Règleman Distri a. Yo entèdi. Nenpòt fòm sispansyon enfòmèl.

Pwosesis Apèl pou Sispansyon


Direktè (tris) la ap avize paran oswa responsab legal yo, nan lang natifnatal yo, sou pwosedi apèl pou yon sispansyon pou pa vin lekòl. Paran an dwe fè apèl bay direktè (tris) lekòl la nan 24 èdtan apre avi sispansyon an. Direktè (tris)lekòl la dwe pran yon desizyon nan 24 èdtan apre li fin jwenn apèl la. Si paran yo pa dakò ak desizyon direktè (tris) la, yo kapab fè apèl bay ak Sipèentandan Rejyonal/ Pedagojik la oswa reprezantan li. Yo dwe planifye yon Reyinyon tousuit apre demann paran an; pandan peryòd apèl la, sispansyon an rete anefè pou tout tan yo endike li a.

Rezilta apèl la kapab enkli, men li pa limite ak:

1. Kenbe sispansyon an nan tout aspè li.
2. Modifikasyon penalite yo enpoze yo.
3. Anile sispansyon an epi retire sispansyon an nan dosye elèv la.

Paran yo dwe resevwa notifikasyon sou desizyon apèl la.

Sonje: Si yo rekòmande ekspilsyon oswa pinisyon pou ensidan sevè kont elèv la, olye Rejyon an, se Komite Revizyon Disiplin nan k ap tande apèl la.



Disiplin pou Elèv ki Elijib pou Sèvis Anba *Individuals with Disabilities Act*

1. Lwa ak Prensip

- a. Se lwa federal ak règleman dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo ("IDEA") ki enkli 34 CFR 300.530 ansanm ak Lwa Florid, Règleman Komite Dirijan Edikasyon Eta a, ak Pwosedè pou Pwoteksyon dwa Paran ESE ki gouvènè disiplin tout elèv ki genyen andikap ("ESE").
- b. Dapre Pwosedè pou Pwoteksyon dwa Paran ak 34 CFR 300.534, dispozisyon disiplin ki konsène elèv ESE ki genyen yon IEP kapab aplike pou elèv si distri a konnen oswa ta dwe konnen yon elèv kapab kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki genyen rapò, men yo poko detèmine elijibilite a.

2. Sispansyon

- a. Sispansyon se ranvwa tanporè yon elèv pou pa vini nan klas pou enstriksyon nan yon lekòl piblik, ak tout lòt aktivite lekòl la patwone pandan yon peryòd ki pa dwe depase plis pase dis (10) jou suivi suivi lekòl nan yon ane. Pou nenpòt ranvwa lakay, menmsi dosye pou yon ranvwa fòmèl poko fini oswa konplete, yo dwe toujou konte 10 jou a. Tout jou yon elèv ki genyen andikap pase andeyò lekòl akòz mezi lekòl la, kelkeswa fòmèl oswa enfòmèl, aplike nan limit 10 jou a.
- b. Yon direktè (tris)/reprizantan li deziye a genyen dwa retire yon elèv ki elijib pou resevwa sèvis dapre IDEA pou jiska dis **(10) jou lekòl suivi suivi pou kalandriye anyèl la** pou enfraksyon disiplinè (yo). Distri lekòl la pa oblije bay sèvis pou yon timoun ki genyen yon andikap yo te retire nan plasman li ye kounye a pou 10 jou lekòl oswa mwens nan ane eskolè sa a si yo pa bay sèvis menmjan pou elèv ki pa genyen andikap ki retire menmjan.
- c. Si yo arete yon elèv ESE sou lakou lekòl la **epi** yo bay li sispansyon, jou sa yo konte nan di (10) jou akimile yo pèmèt pou chak ane akademik.
- d. Ekip IEP a dwe reyini pa pita pase dizyèm (10^{yèm}) jou sispansyon kimilatif la pou:
 - i. Detèmine si konpòtman elèv la se yon rezilta oswa yon manifestasyon andikap la.
 - ii. Kòmanse yon FBA oswa revize FBA aktyèl elèv la ak plan entèvansyon konpòtman.
 - iii. Si konpòtman an se yon manifestasyon andikap la, revize plan IEP elèv la.
- e. Revizyon Detèminasyon Manifestasyon an (MDR) dwe fè pati reyinyon IEP a.
 - i. Lè y ap fè yon detèminasyon manifestasyon, distri a, paran an ak manm konpetan nan ekip la dwe revize epi pran an konsiderasyon pwogram aktyèl elèv la ak istwa ka a; sa enkli tout enfòmasyon enpòtan nan vi elèv la, plan akomodasyon elèv la, nenpòt obsèvasyon pwofesè ak nenpòt enfòmasyon enpòtan paran yo bay.

- ii. Ekip la dwe detèmine: (a) Si konduit la se rezilta oswa genyen yon relasyon dirèk e sibstansyèl ak andikap elèv la; oswa (b) Si konduit la se te rezilta dirèk akòz yo pa te aplike IEP a. Yon konsansis ant manm ekip la dwe fè detèminasyon sa yo epi detèminasyon konsa ap baze sou enfòmasyon ekip la te revize. Si swa (a) oswa (b) aplikab, y ap detèmine konduit la se manifestasyon andikap elèv la.
- f. Yo Yo dwe envite paran/responsab elèv la patisipe kòm yon manm nan ekip manifestasyon an epi direktè(tris) la oswa reprezantan li dwe pran etap ki rezonab pou fè sèten youn oswa toude paran timoun ki genyen andikap la prezan nan reyinyon an oswa te jwenn opòtinite pou patisipe; sa enkli pwograme reyinyon an pou yon lè ak yon plas tout moun dakò. Si pa genyen youn nan paran yo ki kapab vini nan reyinyon an, direktè (tris) oswa reprezantan li dwe itilize lòt metòd pou fè sèten genyen patisipasyon paran; sa enkli apèl endividyèl oswa an gwoup. Paran /responsab legal la dwe resevwa yon kopi pwosedi pou pwoteksyon dwa paran.
- g. Yon lekòl pa kapab fè yon reyinyon paran obligatwa avan yon elèv ESE retounen nan lekòl la aprè sispansyon. Yo kapab sigjere yon reyinyon men elèv la genyen dwa pou li jwenn edikasyon dapre prensip IDEA a aprè dis (10) jou kimilatif pou ane eskolè a menmsi paran an pa te vini nan reyinyon an.
- h. Si konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap li, ekip IEP a dwe fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl epi aplike yon plan sipò konpòtman ki enkli pwovizyon ak Sipò Entèvansyon Konpòtman Pozitif si yo pa te konplete yon evalyasyon pou konduit avan konpòtman an. Si yo te devlope yon plan sipò konpòtman, komite a dwe revize IEP a, modifye li, si nesèsè, pou adrese konpòtman an epi enkli pwovizyon ak sipò Entèvansyon Konpòtman Pozitif la *epi retounen plase elèv la kote yo te retire l la*. Anyen pa dwe konsidere kòm obstak pou anpèche ekip la pwopoze lòt lekòl, depi plasman ESE a apwopriye epi li nan anviwònman ki mwens restriktif la.
- i. Si ekip IEP a detèmine konpòtman elèv la pa yon manifestasyon, lè sa a yo kapab bay elèv la sispansyon menmjan yo bay elèv ki pa kalifye pou sèvis anba IDEA sispansyon. Malgre sa, yon elèv konsa dwe kontinye resevwa sèvis edikatif, pou pèmèt elèv la kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la byenke se sou yon lòt anviwònman; epi pou pwogrese nan atenn objektif ki etabli nan IEP elèv la, epi resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, yon sèvis entèvansyon konpòtman ak yon modifikasyon ki te fèt pou adrese vyolasyon konpòtman pou sa pa rive ankò.
3. **Sispansyon nan Otobis.** Yo dwe konte sispansyon yon elèv ESE nan otobis dwe konte kòm pati dis (10) jou kimilatif la si elèv la bezwen transpò pou li genyen aksè ak FAPE epi yon lòt mwayen pou vini lekòl pa disponib.

4. Sispansyon nan Lekòl

- a. Sispansyon nan lekòl se yon sispansyon tanporè yo egzèse pou yon elèv nan yon pwogram lekòl regilye ak plasman nan yon pwogram altènatif, tankou sa ki nan règleman Florid, anba sipèvisyon anplwaye distri a, ki pa dwe depase dis (10) jou lekòl.
- b. Yo dwe kontinye bay yon elèv sèvis nan plan IEP li a pandan li nan sispansyon nan lekòl la.
- c. Yo entèdi jou repete nan ISS ki lakòz yon modèl pou retire yon elèv nan salklas regilye/ESE nan yon sispansyon nan lekòl la.

5. Ekspilsyon

- a. Ekspilsyon se retire dwa ak obligasyon yon elèv pou l ale nan yon lekòl piblik dapre kondisyon Komite Dirijan etabli, pou yon peryòd ki pa depase rès tèm oswa ane lekòl la ak yon ane prezans anplis.
- b. Yo kapab mete deyò elèv ESE ki genyen yon IEP sèlman ak sèvis epi sèlman nan ka kote konpòtman an se PA yon manifestasyon andikap elèv la. Yo dwe aplike IEP elèv yo nèt pandan yon peryòd ekspilsyon.

6. Yon Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR)

- a. MDR se yon pwosesis ki pèmèt paran an ak lekòl la rankontre pou detèmine si elèv la ap resevwa yon chanjman disiplinè nan plasman pou konpòtman ki se manifestasyon yon andikap. Nan dis (10) pou nenpòt desizyon pou chanje plasman yon elèv ESE ki genyen andikap akòz yon vyolasyon kòd konduit elèv, yon Ekip IEP dwe revize tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye elèv la, enkli IEP elèv la, nenpòt obsèvasyon pwofesè a, ak nenpòt enfòmasyon enpòtan paran yo bay pou detèmine:
 - i. Si konduit nan kesyon an te koze oswa te genyen yon relasyon dirèk epi sibstansyèl ak andikap timoun nan; oswa
 - ii. Si konduit an kesyon an se rezilta dirèk paske distri lekòl la pa t aplike IEP elèv la.

7. Sikonstans Espesyal

Kelkeswa konpòtman an te yon manifestasyon andikap, anplwaye lekòl kapab retire yon elèv nan yon anviwònman edikasyon altènatif (IAES) pa plis pase 45 jou lekòl si elèv la:

- a. Pote yon zam lekòl oswa genyen yon zam nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl ki anba jiridiksyon distri lekòl la
- b. Vann oswa mande pou vann volontèman yon sibstans ilegal pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl ki anba jiridiksyon distri lekòl la; oswa
- c. Te blese grav yon lòt moun pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl ki anba jiridiksyon distri lekòl la.

Yo defini yon zam ki danjere se yon zam, aparèy, enstriman, materyèl oswa sibstans, ki kapab fè mouvman oswa ki pa kapab fè mouvman, ki sèvi pou, oswa ki kapab itilize pou, koze lanmò oswa domaj ki grav sou kò, eksepte si yon atik konsa pa enkli yon kouto nan pòch ak yon lèm ki gen mwens pase de pous edmi (2-½") nan longè.

Yo defini blesi fizik grav kòm yon domaj sou kò ki angaje yon gwo risk lanmò; doule fizik ekstrèm; defigire yon fason pwolonje epi evidan; oswa pèt oswa domaj pwolonje nan fonksyonman yon manm nan kò a, yon ògan oswa fakilte mantal. Ensidan kote te gen blesi, men premye swen oswa swen medikal pa nesèsè, yo pa oblije rapòte nan SESIR kòm yon blesi ki genyen rapò.

8. Interim Alternative Educational Setting Placement (Plasman nan yon Anviwònman Edikatif Altènatif (ann anglè "IAES")) Plasman trè limite ki pèmèt si sikonstans ki etabli nan paragraf 5(a) anwo yo ekziste:

- a. Plasman nan yon IAES kapab rive selon paragraf 5(a) anwo a kèlkeswa konpòtman an se oswa se pa yon manifestasyon andikap elèv la.
- b. Selon sikonstans ki etabli nan paragraf 5(a) anwo a, plasman nan yon IAES kapab rive selon demanm direktè (tris) la.
- c. Dwe gen yon reyinyon IEP ki fikse nan dis premye (10) jou plasman an. direktè (tris) la oswa reprezantan li dwe pran etap ki rezonab pou fè sèten youn oswa toude paran timoun ki genyen andikap la prezan nan reyinyon an oswa te jwenn opòtinite pou patisipe; sa enkli pwograme reyinyon an pou yon lè ak yon plas tout moun dakò. Si pa gen youn nan paran yo ki kapab vini nan reyinyon ekip IEP a, direktè (tris) la oswa reprezantan li dwe itilize lòt metòd pou fè sèten paran patisipe; sa enkli apèl endividyèl oswa angwoup.
- d. Yo kapab fè yon reyinyon san yon paran pa prezan si direktè (tris)/reprezantan l pa kapab konvenk paran yo, yo ta dwe prezan. Nan ka sa a, distri a ap konsève yon dosye ki gen tout tantativ yo te fè pou jwenn yon akò mityèl nan lè ak plas.
- e. Paran /responsab legal la dwe resevwa yon kopi ak pwosedi pou pwoteksyon dwa paran.
- f. Yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (ann anglè "FBA") dwe kòmanse nan dis (10) jou apre plasman an. Estaf nan toude, lekòl aktyèl ak ansyen lekòl elèv la ap patisipe nan FBA a.
- g. Yo dwe devlope yon Plan Entèkansyon Konpòtman (ann anglè "BIP") imedyatman apre yo fin konplete FBA a.
- h. Sèvis edikasyonèl pou detèmine nan dis (10) jou plasman yo dwe:
 - i. Pèmèt elèv la pwogrese yon fason apwopriye nan kourikoulòm jeneral la;
 - ii. Pèmèt elèv la avanse yon fason apwopriye nan objektif IEP yo; ak
 - iii. Enkli ladan, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sèvis entèkansyon konpòtmantal, ak modifikasyon ki deziyen pou adrese konpòtman ki lakoz vyolasyon an pou li pa rive ankò.

Disiplin pou Elèv ki Elijib pou Sèvis Anba Seksyon 504 *Rehabilitation Act of 1973*

Règleman sa a pou disiplin elèv ki elijib pou sèvis anba seksyon 504 la te fèt pou konfòme ak lwa 6A-6.0331(8) Komite Dirijan Edikasyon Eta a, Regilasyon Seksyon 504 nan 34 C.F.R. Pati 104, ak 29 U.S.C. § 794 (“Seksyon 504”). Fraz “elijib pou sèvis anba seksyon 504” fè referans ak elèv ki gen plan akomodasyon seksyon 504 aktif ak elèv ki gen andikap ki egzije plan seksyon 504. Sepandan, pou objektif Règleman sa a, si sèl kontraryete elèv la se depandans nan dwòg ak alkòl, elèv pakalifye pou pwoteksyon anba seksyon 504 oswa ADA si aktyèlman elèv la ap fè iza dwòg illegal oswa alkòl. Elèv konsa kapab disipline nan menm manyè ak lòt elèv pou posasyon dwòg illegal oswa alkòl anba Règleman 5.1812 oswa 5.1813 [ak Règleman 5.1815] epi y ap resevwa menm pwosedi jis ak asistans pou dwòg menm jan ak lòt elèv yo anba Règleman sa yo.

1. **Definisyon.** Mo sispansyon ak mete elèv ki kalifye pou sèvis anba seksyon 504 deyò ap genyen siyifikasyon annapre yo atravè Règleman sa a:
 - a. **Sispansyon.** Daprè Lwa Eta Florid § 1003.01(5)(a) [ak Règleman 5.1815], yo defini sispansyon, ki konn vle di tou sispansyon deyò lekòl la, kòm retire tanporèman yon elèv nan tout klas ansèyman nan lekòl piblik, eksepte si direktè (tris)/reprizantan li otorize sa, pou yon peryòd jiska dis (10) jou lekòl kimilatif ak ranvwaye elèv la sou responsablite paran responsab li ak yon seri devwadmezon espesifik pou elèv la fini lakay li. *Pou nenpòt ranvwa lakay, menmsi dosye pou yon ranvwa fòmèl pako fini oswa konplete, yo dwe toujou konte 10 jou a. Tout jou yon elèv ki andikape pase andeyò lekòl la kòm rezilta mezi yo pran kont li, fòmèl oswa enfòmèl, aplike nan limit 10 jou a.*
 - b. **Ekspilsyon.** Jan sa defini nan Lwa Eta Florid § 1003.01(6), ak Règleman 5.1817, ekspilsyon se retire dwa ak obligasyon yon elèv pou ale nan yon lekòl piblik dapre kondisyon Komite Dirijan a etabli epi pou yon peryòd ki pa depase rès tèm la oswa ane lekòl la ak 1 ane adisyonèl. Yo kapab enpoze ekspilsyon avèk oswa san yo pa kontinye sèvis edikatif yo (selon Seksyon (4) (f) anba la a) epi yo dwe rapòte l kòm sadwa.
 - c. **Re-evalyasyon.** Elèv ki nan plan akomodasyon Seksyon 504 ki aktif yo rekòmande pou sispansyon pandan plis pase dis (10) jou, oswa pou ekspilsyon, dwe genyen yon evalyasyon ki fèt pou yo ankò avan yo ta dwe fè gwo chanjman siyifikatif nan plasman yo dapre jan atik 34 C.F.R. § 104.35(d) egzije sa. Elèv ki gen andikap, yo sispèk ki kalifye pou sèvis anba seksyon 504 la ki rekòmande pou sispansyon ki depase 10 jou, oswa yo dwe evalye ekspilsyon avan yo fè yon chanjman siyifikatif nan plasman, jan atik 34 C.F.R. § 104.35(b) egzije sa.

2. **Sispansyon elèv nan kad lwa seksyon 504/ADA** . Sof si li endike yon lòt jan nan plan akomodasyon yo, yo atann elèv ki elijib pou dapre seksyon 504 pou suiv Règleman ki nan kòd konduit pou elèv la. Elèv ki elijib pou sèvis dapre Seksyon 504/ADA a kapab jwenn sispansyon pou enfraksyon, jan sa defini pou tout elèv dapre Règleman 5.1812 oswa 5.1813 [ak Règleman 5.1815], ak restriksyon annapre yo:
- a. **Sispansyon pou dis (10) jou kimilatif oswa mwens.** Sof si li endike yon lòt jan nan plan akomodasyon yo, y ap suiv pwosedi aplikasyon sispansyon elèv [nan Règleman 5.1815] pou elèv ki elijib pou sèvis Seksyon 504/ADA la epi yo rekòmande sispansyon pou dis (10) jou kimilatif oswa mwens.
 - b. **Nenpòt sispansyon ki depase dis jou (10) kimilatif.** Okenn elèv ki elijib pou jwenn sèvis dapre Seksyon 504/ADA pa dwe jwenn sispansyon pou plis pase dis jou (10) kimilatif pandan ane eskolè a, eksepte atravè pwosedi sa a. Se responsablite direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li pou kontwòle tout sispansyon an seri oswa kimilatif. **SONJE:** Si yo te refere yon elèv pou evalyasyon ESE avan oswa pandan manifestasyon peryòd detèminasyon Seksyon 504 la, elèv sa a pwoteje anba lwa IDEA pou pwovizyon disiplin yo. Kidonk, ekip manifestasyon an dwe trete elèv la tankou yon elèv ESE. Direktè/tris oswa reprezantan li dwe notifiye ekip pliridisiplinè 504 la imedyatman lè yon elèv ki kalifye oswa kapab kalifye pou sèvis dapre Seksyon 504/ADA vyole kòd konduit elèv epi pral konsidere pou sispansyon pou plis pase dis (10) jou kimilatif pandan ane eskolè a.
 - i. Nan vennkat (24) èdtan apre rekòmandasyon pou sispansyon pwolonje a, direktè(tris)/reprezantan li dwe bay paran/responsab legal ak elèv yo pwopoze pou bay sispansyon an, swadizan pou movèz konduit la, yon avètisman alekri, ak lè ak dat ekip pliridisiplinè 504 la ap fikse reyinyon an. Y ap mete avi pou objektif, patisipan yo ak kote reyinyon an ap fèt. Y ap enfòmè paran/ responsab legal elèv la ekip pliridisiplinè 504 la ap sèvi kòm ekip plan 504 la tou epi kapab chanje plan Seksyon 504 elèv la. Y ap bay responsab elèv la yon kopi Pwosedi legal dwa paran an pou Seksyon 504/ADA a.
 - ii. Direktè (tris) la oswa reprezantan li dwe pran etap ki rezonab pou fè sèten youn oswa toude paran timoun ki genyen andikap la prezan nan reyinyon an oswa te jwenn privilèj pou patisipe; sa enkli pwogramme reyinyon an pou yon lè ak yon plas tout moun dakò. Si pa genyen youn nan paran yo ki kapab vini nan reyinyon an, direktè (tris) la oswa reprezantan li dwe itilize lòt metòd pou asire genyen patisipasyon paran; sa enkli apèl telefòn endividyèl oswa konferans.
 - iii. *Fè yon reyinyon san prezans yon paran. Yon reyinyon kapab fèt san prezans yon paran si direktè (tris)/reprezantan li pa kapab konvenk paran yo pou yo vini.* Nan ka sa a, distri a ap konsève yon dosye ki genyen tout tantativ yo te fè pou jwenn yon akò mityèl nan lè ak plas.
 - iv. Yo dwe voye notifikasyon ak kopi Pwosedi dwa legal paran pou Seksyon 504/ADA pa lapòs “*registered oswa certified mail*” (*return receipt requested*) oswa direktè

(tris) oswa reprezantan li dwe pote kopi a pèsonèlman omwen vennkat (24) èdtan avan reyinyon an. Yo dwe jwenn yon resi livrezon siyen.

- v. Avan pou yo kapab mete elèv la deyò lekòl la pou rekòmandasyon sispansyon an, direktè (tris) oswa reprezantan li ap fè aranjman pou Ekip Milti-Disiplinè 504 pou revize ensidan an ki te lakoz rekòmandasyon pou sispansyon an.
- vi. Manm komite a dwe genyen ladan anplwaye sa yo:
 - 1. Yon sikològ lekòl kòm moun ki genyen konesans metòd evalyasyon dapre andikap la.
 - 2. Si dosye andikap la se yon andikap medikal, enfimye lekòl la dwe prezan pou pale avèk sikològ la.
 - 3. Yon pwofesè, konseye akademik oswa yon moun apwopriye ki konnen elèv la.
 - 4. Yon administratè (ki pa dwe administratè ki fè rekòmandasyon an) kòm moun ki konnen metòd pwosesis sispansyon/ekspilsyon an.
- vii. Ekip 504 Miltidisiplinè 504 la dwe revize ka a ak detèmine si konduit elèv la te oswa pa t yon manifestasyon andikap la ki lakoz li rive gen yon plan Seksyon 504. Yon Revizyon Detèminasyon Manifestasyon¹ (MDR) an se yon pwosesis kote paran yo ak lekòl la rankontre pou detèmine si elèv la te dwe anba yon chanjman disiplinè nan plasman pou konpòtman ki se yon manifestasyon andikap li. Chak fwa yon elèv ki gen yon andikap sijè a yon chanjman disiplin pou plasman (sa vle di sispansyon ekspilsyon), distri lekòl la dwe fè yon MDR nan yon peryòd di (10) jou depi yo te pran desizyon pou retire elèv la nan lekòl.
- viii. Lè y ap pran yon detèminasyon manifestasyon, distri a, paran, ak manm ki enpòtan nan Ekip la dwe revize epi pran plan akomodasyon elèv la, nenpòt obsèvasyon pwofesè, rekòmandasyon/enfraksyon ak nenpòt enfòmasyon enpòtan paran yo bay.
- ix. Ekip la dwe detèmine: (a) Si konduit la se rezilta oswa te gen yon relasyon dirèk e sibstansyèl ak andikap elèv la; oswa (b) Si konduit la se te rezilta dirèk akoz yo pa te aplike Plan akomodasyon Seksyon 504 la. Dwe gen yon konsansis ant manm ekip la pou fè detèminasyon sa a, epi detèminasyon konsa ap baze sou

¹ Manifestasyon Andikap la: Yon manifestasyon andikap se egzibisyon konpòtman ki konsidere kòm yon eleman nan andikap endividyèl elèv la.

enfòmasyon Ekip la te revize. Si swa (a) oswa (b) aplikab, konduit la dwe detèmine kòm manifestasyon andikap elèv la.

- x. "PBSD 2209" se fòm ki eksplike pwosedi Detèminasyon Manifestasyon Andikap pou elèv ki gen Plan Seksyon 504 yo"
 - i. Si, anvan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon, Ekip la detèmine yon FBA nesèsè pou yon elèv ki gen yon andikap, Ekip la pral san pèdi tan kòmanse FBA a epi ranvwaye disiplin elèv la jiskaske FBA a ap fin fèt. Ekip la ap konsidere done yo te rasanble nan FBA a pou detèmine si konpòtman elèv la se/te yon manifestasyon andikap la.
- xi. Si Ekip 504 Miltidisiplinè a detèmine konpòtman elèv la pa yon manifestasyon, lè sa a yo kapab bay elèv la sispansyon nan lekòl la menmjan ak elèv ki pa elijib pou sèvis dapre Seksyon 504. Men, elèv konsa dwe kontinye resevwa sèvis edikasyon pou pèmèt elèv la kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byenke nan yon lòt anviwònman, epi pou l pwogrese nan atenn objektif ki tabli nan plan akomodasyon Seksyon 504 elèv la, epi resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sèvis entèvansyon konpòtman. ak modifikasyon, ki fèt pou adrese vyolasyon konpòtman an pou li pa repete.
- xii. ekip IEP a detèmine konpòtman elèv la pa yon manifestasyon, lè sa a yo kapab ranvwaye elèv la menm jan yo ranvwaye yon elèv ki pa kalifye pou sèvis anba Seksyon 504. Neyanmwon, yon tèl elèv dwe kontinye resevwa sèvis edikatif li pou yo kapab pèmèt elèv la kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la byenke se sou yon lòt fòm; ak pou pwogrese nan akonpli objektif ki etabli nan IEP elèv la epi resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, yon sèvis entèvansyon konpòtman ak yon modifikasyon ki te fèt pou adrese vyolasyon konpòtman pou sa pa rive ankò.
- xiii. Si yo detèmine konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap li, Ekip Miltidisiplinè a dwe fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl epi aplike yon plan sipò konpòtman ki genyen ladan pwovizyon ak Sipò entèvansyon Konpòtman Pozitif, si yo pa te konplete yon evalyasyon konsa pou konduit avan konpòtman an. Si yo te devlope yon plan sipò konpòtman, komite a dwe revize plan an, modifye li, jan sa nesèsè, pou adrese konpòtman an epi enkli pwovizyon ak Sipò Entèvansyon pou Konpòtman Pozitif a, epi retounen elèv la nan plasman li te ye a. Anyen nan sa a dwe konsidere kòm obstak pou anpeche ekip la pwopoze lòt plasman toutotan plasman an apwopriye epi nan anviwònman ki pi restritif la.

3. Ekspilasyon Elèv selon Seksyon 504/ADA

- a. Elèv ki kalifye pou sèvis nan kad lwa seksyon 504/ADA gen dwa jwenn rekòmandasyon pou ekspilse yo lekòl la dapre jan sa defini pou tout elèv yo.
- b. Direktè (tris)/reprizantan l dwe avize Ekip Miltidisiplinè 504 la lè yo rekòmande yon elèv ki genyen plan 504 pou ekspilasyon.
- c. Anplis pwosedi selon règleman 5.1817, nan vennkat (24) èdtan apati lè rekòmandasyon pou ekspilasyon an, direktè (tris)/reprizantan li dwe bay paran/responsab legal ak elèv yo pwopoze pou ekspilasyon an, avi alekri ak dat epi lè yo planifye reyinyon Ekip Miltidisiplinè 504 la pou detèmine manifestasyon andikap. Pwosedi pou kondui yon MDR ak pou asire patisipasyon paran dwe aplike nan pwopozisyon pou ekspilasyon.
- d. Yo dwe voye avi, Pwosedi Protekesyon dwa legal paran ak yon kopi Règleman sa pa lapòs “*certified mail*” (*return receipt requested*) oswa direktè (tris)/reprizantan li dwe pote li an pèsòn epi mande moun ki resevwa li pou siyen.
- e. Si yo detèmine move konduit elèv la pa yon manifestasyon andikap elèv la, yo kapab mete elèv la deyò menmjan menmjan ak elèv ki pa elijib pou sèvis dapre seksyon 504. *Malgre sa, yon elèv konsa dwe kontinye resevwa sèvis edikatif, pou pèmèt elèv la kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, menm si se nan yon lòt anviwònman; epi pou pwogrese nan atenn objektif ki etabli nan plan akòmòdasyon seksyon 504, epi resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sèvis entèvansyon konpòtman ak yon modifikasyon ki te fèt pou adrese vyolasyon konpòtman pou sa pa rive ankò.*
- f. Si yo detèmine Si yo detèmine move konduit elèv la se yon manifestasyon andikap li, lwa federal pa pèmèt yon distri lekòl sispann tout sèvis edikatif. Si yo detèmine konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap li, Ekip Miltidisiplinè a dwe fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, epi aplike yon plan entèvansyon pou konpòtman, ki genyen ladan pwovizyon pou Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif, si yo pa te konplete yon evalyasyon konsa avan move konpòtman an. Si yo te devlope yon plan entèvansyon sou konpòtman, komite a dwe revize plan an, modifye li, jan sa nesèsè, pou adrese konpòtman an epi enkli pwovizyon ak Sipò Entèvansyon pou Konpòtman Pozitif. Nan nenpòt ka, yo dwe retounen plase elèv la kote yo te retire li a. Anyen nan sa a pa dwe konsidere kòm obstak pou anpèche ekip la pwopoze lòt plasman depi plasman an apwopriye epi li nan anviwònman ki mwens restriktif la.

Leksik

Yo dekri nan seksyon manyèl sa a definisyon tèm ak/oswa konpòtman elèv yo konsidere kòm vyolasyon nan Kòd Konduit Elèv la. Itilizasyon mo, tankou atak ak mete dife, pa sipoze konsidere kòm ekivalan oswa genyen menm estanda ak konsekans avèk menm mo ki defini nan kontèks kriminel nan Lwa Florid la. Komite Dirijan Lekòl la konsève fleksibilite ak dwa pou atache definisyon yo te jwenn nan Règleman Komite Dirijan ak mo sa yo san yo pa atache okenn estanda kriminel tribinal yo oswa lejislati etabli. Lè yon elèv komèt yon enfraksyon, move konpòtman an dwe klase selon definisyon ki pi byen dekri li a. Tout elèv ak paran/responsab legal dwe konprann, anplis pou pran estrateji korektif nan nivo lekòl la, yo dwe rapòte bay Polis Lekòl la sèten konpòtman kriminel ak/oswa twoublan.

Senbòl * ki akote twa lèt kòd vyolasyon sou lis anba a nan Leksik a, reprezante definisyon SESIR ak rekòmandasyon Depatman Edikasyon an otorize.

Abeyance (Sispansyon) - Jou sispansyon andeyò Lekòl yo bay, men ki pa aplikab si yo ranpli yon plan altènatif. Pa egzann pran klas edikasyon pou tabak, alkòl, oswa dwòg.

Alcohol (Alkòl) {ALC*} - Vyolasyon lwa oswa òdonans ki entèdi fabrikasyon, vann, achte, transpòte, posesyon, distribisyon oswa izaj bwason ki genyen alkòl entoksikan. Yo ta dwe rapòte izaj li sèlman si yo kenbe moun nan, nan zak la, oswa yo dekouvri li te itilize li pandan ankèt la. Ensidan alkòl pa kapab konekte ak dwòg. L3

Apology Letter (Lèt Ekskiz) - Elèv la dwe fè amann onorab pou konpòtman negatif li te genyen an kote l ap pran responsabilite pou l korije pwoblèm konpòtman an te kreye a, atravè deklarasyon alekri pou ekspriime regrè.

Armed Robbery {ROB*} - Vòlè avèk Zam - Pran lajan oswa lòt byen ki kapab yon vòl nan men pwopriyete oswa lòt moun kap veye a, ak entansyon pou anpeche moun nan oswa pwopriyete lajan an oswa lòt byen swa pou yon ti bout tan oswa pou toutan, lè nan moman yo t ap pran li te genyen fòs, vyolans, agresyon, oswa kraponnaj ki fèt nan sèvi ak zamafe oswa lòt zam ki kapab touye moun. (Lwa Florid 812.13 (1) ak (2) (a)). L4

Arson {ARS*} (Mete Dife) - Andomaje volontèman oswa koze domaj ak dife oswa eksplozyon, nan nenpòt kay, edifis, oswa kit li te vid, kit li te genyen moun ladann, oswa sa ki ladan. Yo pa oblije rapòte nan "SESIR" ensandi ki pa entansyonèl, ki se aksidan, oswa ki pa koze domaj (lwa Eta Florid (806.01(1)(a)-(c)). L4

Battery-

Simple Battery (Physical Attack) (Manyen moun ilegalman ak fòs oswa vyolans (Atak Fizik)) – Manyen oswa frape yon lòt moun ak entansyon kont volonte li, oswa entansyon an lakòz domaj kòporèl yon moun. L3

Sexual Battery (Kadejak, tantativ oswa penetrasyon seksyèl fòse) {SXB*} - Tantativ oswa penetrasyon seksyèl, fòse nan bouch, nan dèyè, oswa penetrasyon nan vajen avèk oswa ansanm

ak ògàn seksyèl yon lòt moun oswa penetrasyon nan dèyè, oswa nan vajen yon lòt moun ak yon lòt bagay. (Lwa Eta Florid, 794.011(1)(h). Sa kapab enkli tou zak seksyèl pi wo yo si yo plase elèv la anba enfliyan dwòg oswa alkòl avèk entansyon pou komèt yon zak konsa. L4

Aggravated Battery (Agresyon Fizik Premedite) {BAT*} - Yon agresyon kote moun ki fè agresyon an entansyonèlman oswa pa espere lakòz blesi ki grav jan sa defini nan Règleman 6A-1.0017(8) (g) Komite Edikasyon Eta a, tankou: gwo domaj kòporèl, andikap pèmanan, oswa defigire pou lavi, itilize yon zam mòtèl; kote moun ki fè atak la te konnen oswa dwe te konnen viktim nan te ansent (Lwa Florid 784.03 ak 784.045). L4

Behavior Contract or Plan (Kontra oswa Plan Konpòtman)-Yon kontra alekri/vèbal oswa plan pou elèv la ki defini bi, objektif, ak rezilta yo deklare pou elèv la devlope konpetans ki nesèsè pou adrese ensidan an.

Bomb Threat (Menas Bonm) {TRE*}- Pou fè yon fo rapò, avèk entansyon pou twonpe, egare moun, oswa enfòmè nenpòt lòt moun mal, konsènan mete oswa plase nenpòt bonm, dinamit, lòt eksplozif ki ka touye moun, oswa zam ki kapab detwi anpil moun jan sa defini nan lwa 790.166. L4

Breaking and Entering/Burglary (Kase kay moun/Vòl) {BRK*} - Antre oswa fòse antre ilegalman nan yon bilding oswa nan yon lòt lokal, oubyen kache dèyè oswa nan ozalantou ak entansyon pou komèt yon zak kriminèl nan lokal sa a. L3

Bullying/Cyber Bullying {BUL*} Entimidasyon/Entimidasyon sou Entènèt - Se enflije domaj fizik oswa detrès sikolojik sou youn oswa plis elèv oswa anplwaye yon fason sistematik epi ki repete. Entimidasyon (Bullying) enkli intimidasyon sou entènèt (Cyber Bullying), jan sa defini nan Seksyon 1006.147 (3) (b), Lwa Florid. Entimidasyon enkli, men pa limite sèlman, takinen yon moun souvan, eksklizyon sosyal, menas, intimidasyon, pèsèkasyon, vyolans fizik, vòl, arasman, imilyasyon piblik oswa prive, oswa destriksyon pwopriyete. Si mal fizik oswa detrès sikolojik la se pa rezilta konpòtman sistematik oswa kwonik, fè evalyasyon pou Arasman.

*Yo kapab aplike lòt konsekans si ou atake yon moun sou baz seksualite, idantite seksyèl, ras, koulè, relijyon, etnisite, orijin, etnisite, orijin nasyonal, kondisyon matrimonyal, laj oryantasyon seksyèl, background sosyal ak famiyal, langaj, gwosès, oswa andikap.

Bus, Assigned Seat (Plas Fiks nan Otobis Lekòl) – Plas yo bay elèv la tanporèman, oswa definitivman pou li chita nan otobis.

Bus Disruption (Dezòd nan Otobis) - Konpòtman ki entewonp oswa twouble chofè bis la nan travay li pou kondui bis lekòl la nòmalman. L2

Bus, Probation (Otobis, Pwobasyon) -Yon altènatif pou Sispansyon nan Otobis. Yon elèv yo plase nan Pwobasyon pou Otobis lekòl pral, byen posib, jwenn sispansyon pou li pa monte otobis lekòl la si li vyole yon lòt règleman disiplin otobis.

Bus, Suspension – (Otobis, Sispansyon) – Sispansyon pou pèdi privilèj pou monte otobis pandan yon peryòd tan byen detèmine. (Konsekans vyolasyon Règleman transpò yo, prensip yo ak mòd konduit yo pa limite sèlman ak sispansyon privilèj pou monte otobis. Yo kapab enpoze lòt sanksyon, ki kapab rive nan sispansyon pou pa vini lekòl la, ak ekspilsyon, si règleman pèmèt sa.)

Cellular Telephone/Technology Violation- (Vyolasyon Telefòn Selilè/Teknoloji- Lwa Florid entèdi elèv ki nan klas Jadendanfan rive nan 8^{yèm} ane pou itilize aparèy kominikasyon san fil pandan jounen lekòl la. Elèv ki nan klas 9^{yèm} rive 12^{yèm} ane pa kapab itilize aparèy kominikasyon san fil sof si pwofesè oswa administratè a otorize yo. Aparèy kominikasyon san fil yo genyen ladan : telefòn selilè, telefòn entelijan (smartphone), mont entelijan (smartwatch), tablèt, radyo-telefòn/walkie-talkie, oswa nenpòt lòt nouvo teknoloji jan sa defini nan Règleman Distri Lekòl la 5.183) L1

Cheating (triche)- Kopye travay yon lòt elèv, itilize fich pou èd memwa, (cheat sheets), itilize Entelijans Atifisyèl (AI) pou devwa nan klas san atribisyon apwopriye oswa elèv la pa deklare sa, oswa nenpòt vyolasyon pran poul, pwofesè salklas la kapab rezoud. Elèv la kapab resevwa lòt konsekans anplis, tankou pinisyon akademik. L1

Cheating Severe (Triche Grav- Izajj ki pa otorize ak/oswa pataj tès oswa lòt materyèl didaktif swa yo kopye, distribiye, pibliye, rekopye oswa yo jwenn pa nenpòt lòt mwayen, pou jwenn avantaj akademik oswa pèsònèl. Sa enkli materyèl didaktik ak/oswa tès moun fè nan non lòt elèv. L2

Check In/Check Out (Siyen pou Antre/Siyen pou Sòti) - Kontak chak jou ak yon adilt yo deziye nan lekòl la. Elèv la ta wè adilt la avan lekòl la kòmanse chak jou, epi nan fen jounen an tou.

Computer/Technology Misuse -Major (Movèz itilizasyon Òdinatè/Teknoloji- ki grav-) {OMC*} - Itilizasyon òdinatè yon fason ki pa apwopriye enkli, men se pa sa sèlman, antre san pèmisyon nan kont imel oswa rezo ki entèdi, chanje oswa detwi fichye san otorizasyon, kopye pwogram lojisye ilegalman, epi antre oswa distribiye oswa enprime fichye yo pa otorize. Antre oswa ale nan yon seri sit entènèt yo pa otorize; distribiye mesaj elektwonik ki pa apwopriye. L3

Computer/Technology Misuse – Minor (Move Izaj konpitè/Teknoloji- ki minim) - Itilize yon konpitè ak/oswa teknoloji yon fason ki pa apwopriye ki pa grav san move entansyon. L1

Conference with Student/Warning (Konferans ak Elèv la/Avètisman) - Konferans administrasyon an ak elèv ak avètisman sou ensidan yo rapòte

Confiscation (Konfiskasyon) - Pran yon objè (yo) ki entèdi nan lekòl la. Selon nati objè a (yo), lekòl la kapab remèt li (yo) bay lapolis, kenbe li (yo) jiskaske paran/ responsab vin rekipere li, oswa yo remèt li (yo) bay elèv la apre yon peryòd tan espesifik

Conflict Resolution (Rezoud Konfli)- Yon tèm jeneral pou anpil aktivite ki genyen pou rezilta rezoud pwoblèm ak nòmalize relasyon.

Confrontation (Konfwontasyon) – Yon Diskisyon vèbal oswa ankouraje oswa eksite yon konfwontasyon ki genyen tandans pou mennen goumen. L1

Counterfeit (Fè Fo Dokiman) - Fè oswa repwoudi yon dokiman, lajan, oswa lòt bagay avèk entansyon pou fé fwod; ki enkli fo lajan oswa dokiman.L3

Criminal Act Against a Person {OMC*} (Zak Kriminèl kont yon Moun) - Nenpòt moun ki eseye komèt oswa ki mande yon lòt moun pou komèt, oswa ki dakò, konplote, fè konbinezon, oswa mete tèt ansanm ak lòt moun pou komèt ofans tankou Bay moun kou, Vòl, Ansinay, Kidnape, oswa Kadejak sou yon lòt moun oswa lòt moun (yo), epi k ap fè nenpòt aksyon k ap pèmèt li reyalize ofans sa a, men ki echwe nan komèt zak la oswa yo kenbe li oswa anpeche li nan ekzekisyon ofans la. (Lwa Etat Florid 774.04). L4

Criminal Mischief/Vandalism - \$1000 or more VAN * (Mechanste Kriminèl/Kraze Brize - \$1000 oswa plis) - Andomaje oswa brize volontèman ak mechanste pa nenpòt fason nenpòt byen reyèl oswa bagay yon lòt moun posede, enkli, men pa limite sèlman ak, fé grafiti oswa lòt zak kraze brize. Ensidan ki tonbe anba limit \$1000 yo pa rapòte nan SESIR, men ta dwe pito rapòte kòm ensidan ki defini lokalman dapre règleman distri a. L3

Dangerous Items {WPO*} - (Zam ki Danjere): Posede nenpòt objè ki reprezante yon risk pou sekirite ak byennèt kominote lekòl la. Enkli nan kategori sa a: *BB gun, Airsoft guns*, jwèt oswa imitasyon zam ki reprezante zam reyèl. Anplis, genyen tou nan kategori sa a, posede oswa estoke objè lekòl la entèdi, enkli, men ki pa limite sèlman ak ekipman pou minisyon, bal oswa katouch, likid enflamab, materyèl ki kapab pran dife, pwazon, *mace*, vaporizatè pwav, ak nenpòt lòt objè ki kapab koze domaj .L3

Deepfakes - Kreyasyon, distribisyon, oswa itilizasyon kontni dijital yo manipile (videyo, imaj, odyo), pou defòmè yon moun kòm li fè oswa di yon bagay li pa te fè oswa di, se konplètman entèdi. Yo entèdi itilizasyon malveyan deepfakes pou blese, twonpe, entimide, oswa difame lòt moun.

Detention (Retni) - Tan adisyonèl yon elèv dwe rete lekòl aprè lòt elèv ale pou jounen an, oswa nan sandi.

Disobedient/Insubordination (Dezobeyisans/Ensibòdinasyon)- Pa obeyi yon enstriksyon rezonab oswa demann yon manm estaf bay. L1

Disobedience/Open defiance/ Insubordination (repetitive) (Dezobeyisans /rezistans /ensibòdinasyon (repete)- Konpòtman oswa ofans disiplinè repete ki pa apwopriye epi ki deranje anviwònman aprantisaj la (ki pa geyenn rapò ak SESIR), ki rive lè elèv la refize entansyonèlman suiv estrateji oswa direktiv koreksyon ki te deja etabli yo. L2

Disrespectful Language (Langaj Awogan)- Remak alekri, vèbal ak/oswa jès ki montre yon mank respè, awogans oswa ki pa apwopriye. L1

Disruption of a School Function {DOC*} (Entèwopn yon Aktivite Lekòl) - Konpòtman ki twouble konsiderableman anviwònman aprantisaj, sante, sekirite, oswa byennèt lòt moun. Egzanp deranjman majè enkli menas Bonm, ensite rebelyon, oswa deklanche yon fo alam pou dife. L3

Disruptive (Unruly) Behavior or Play (Konpòtman Deranjan oswa move Jwèt (Dezòd) - konpòtman deranjan ki enkli move jwèt, langaj derespektan ak nenpòt lòt konpòtman repete ki deranje yon anviwònman aprantisaj. L1

Dress Code Violation (Vyolasyon Kòd Abiman) - Abiye yon fason ki vyole règleman kòd abiman lekòl la ak/oswa yon fason ki ta reprezante yon danje pou sekirite (Lwa Florid 1006.07). Pou yon premye ofans, yo dwe bay yon elèv yon avètisman vèbal epi direktè (tris) lekòl la dwe rele paran oswa responsab legal elèv la. Pou yon dezyèm ofans, elèv la pa elijib pou patisipe nan okenn aktivite ki pa nan kourikoulòm nan pou yon peryòd tan ki pa depase 5 jou epi direktè (tris) lekòl la dwe rankontre ak paran oswa responsab legal elèv la. L1

Dress Code Violation (Repetitive) (Vyolasyon Kòd Abiman) (Repete) - Pou yon twazyèm ofans oswa yon lòt ofans, abiye yon fason ki vyole règleman sou kòd abiman lekòl la ak/oswa yon fason ki ta reprezante yon danje. Yon elèv dwe resevwa yon sispansyon nan lekòl la dapre lwa 1003.01(13) pou yon peryòd ki pa depase 3 jou, elèv la pa elijib pou patisipe nan okenn aktivite ki pa nan kourikoulòm pou yon peryòd ki pa depase 30 jou, epi direktè (tris) lekòl la dwe rele paran oswa responsab elèv la epi voye yon lèt alekri bay paran an oswa responsab konsènan sispansyon elèv la nan lekòl la epi li pa elijib pou patisipe nan aktivite ki pa nan kourikoulòm nan. L2


Drugs or Imitation Drugs Represented as Drugs (Dwòg oswa Fo Dwòg yo Reprèzante kòm Dwòg) {DRU*} – Itilizasyon oswa posesyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans ilegal, oswa nenpòt sibstans lè yo itilize yo pou entoksikasyon chimik pandan yon sou pwopriyete distri lekòl la, otobis lekòl, oswa nan yon aktivite ki genyen rapò ak lekòl. Itilizasyon vle di yo jwenn moun nan ap itilize, admèt li itilize oswa yo dekouvri li te itilize pandan y ap mennen yon investigasyon. Yo dwe mete *code* dwòg yo jwenn nan yon fason apwopriye epi ki pa genyen koneksyon ak okenn moun epi rapòte kòm dwòg yo pa konnen.

Drug Paraphernalia {OMC*}- Posede, itilize, vann, estoke, oswa distribye nenpòt aparèy oswa ekipman yo itilize pou prepare oswa pran dwòg; sa enkli, men pa sa sèlman, materyèl ki nan lis lwa Eta Florid 893.145, ak materyèl yo kapab detèmine kòm dwòg *Paraphernalia* dapre kritè dekrè ki soti nan lwa Eta Florid 893.146. L3

Drug (Sale or Distribution) {DRD*} (Vann oswa Distribye) Dwòg - Fabrike, kiltive, achte, vann, oswa distribisyon nenpòt dwòg, nakotik, sibstans ilegal oswa sibstans ki kapab konsidere kòm yon dwòg, nakotik, oswa sibstans ilegal. L4

Explosive Device {WPO*} (Aparèy Eksplozif) - Yon eksplozif se nenpòt konpozisyon oswa melanj chimik ki genyen pwopriyete konbinyon oswa oksidasyon lè li jwenn chalè, flanm, oswa chòk. Sa enkli, men pa limite sèlman ak dinamit, nitwogliserin, trinitwotolyèn, oswa nitrat amonyak lè yo melanje ak lòt engredyan pou fòme yon melanj eksplozif; eksplozyon, ak eklatman (Lwa Florid 790.001 (5)).

Extortion/Blackmail/Coercion {ROB*} (Ekstòsyon/Chantaj/Entimidasyon)-Itilizasyon menas oswa entimidasyon pou nenpòt bagay ki genyen valè nan men yon lòt moun, sa genyen ladan, men pa limite ak, lajan. L3



Fighting {FIT*} (Goumen) - Patisipasyon toude pati yo nan yon konfwontasyon fizik ostil; patisipasyon toude pati yo nan yon altèkasyon ki enplike vyolans fizik ladan li, ki mande swa 1) entèvansyon fizik, oswa 2) koze blesi ki mande premye swen oswa atansyon medikal. L3

(SONJE: Lejitim Defans se yon aksyon pou metrize oswa bloke yon atak kont yon lòt moun oswa pwoteje tèt ou kont lòt moun k ap frape w. Cheche vanjans nan frape yon lòt moun ki te frape ou se pa lejitim defans epi y ap konsidere li kòm goumen.)

Firearm/Handgun/Rifle/Shotgun {WPO*} (Zamafe/Pistolè/Mitrayèt/Revolvè) -Yo defini zamafe kòm nenpòt zam, ki enkli yon zam demaraj, ki pral, yo fè pou, oswa ki kapab fasilman konvèti pou tire bal pa mwayen yon eksplozif; fòm oswa resepte nenpòt zam sa yo; mòflè zamafe oswa silansye; aparèy destriktif oswa mitray. Yo defini nan Seksyon 790.001, Lwa Florid oswa Kòd Konduit Distri a. Lalwa egzije ekspilsyon nenpòt elèv ki genyen yon zamafe nan yon kanpis lekòl la, transpòtasyon lekòl la oswa nan nenpòt aktivite lekòl la patwone. L4

Firecrackers/Poppers (Fedatifis/Peta) - Posede, itilize, vann, estoke epi distribisyon fedatifis, peta, oswa lòt materyèl, depi objè sa a pa sèvi kòm zam, oswa li pa konsidere kòm zam dapre lwa Eta Florid. L2

Forgery of a Document or Signature (Fo dokiman oswa Fo Siyati) - Fòje oswa repwoudi siyati yon lòt moun pou fè fwod. L2

Gambling {OMC*} (Jwè Daza) - Moun ki patisipe nan jwè daza oswa teknik pou fè lajan, pwofi, oswa nenpòt bagay ki genYEN valè. L2

Grand Theft (\$750 threshold) (Gwo Vòl (nan limit \$750)) – Pran bagay yon lòt moun oswa yon òganizasyon san otorizasyon, tankou, veyikil amotè, ki gen yon valè \$750 oswa plis, san menas, vyolans, oswa blesi kòporèl. Ensidan ki anba limit \$750 yo pa rapòte nan SESIR, men ta dwe pito rapòte kòm ensidan ki defini lokalman dapre règleman distri a. Vòle bagay ki gen nenpòt valè ki enplike itilizasyon fòs, vyolans, atak, oswa fè viktim nan pè dwe rapòte kòm Vòl. L3

Harassment {HAR*} Arasman - Nenpòt menas, jès insiltan oswa degradan, izaj enfòmasyon oswa lojisyèl enfòmatis, oswa konpòtman alekri, vèbal oswa fizik Ki (1) Mete yon elèv oswa yon estaf lekòl anba yon perèz oswa danje rezonab pou limenm oswa domaj pou byen li, (2) Genyen yon efè ki entèfere yon fason sibstansyèl ak pèfòmans edikatif, opòtinite, oswa benefis yon elèv, oswa (3) genyen yon efè pou deranje yon fason sibstansyèl lòd operasyon lekòl la enkli nenpòt konduit ki konsène yon moun an patikilye ki lakoz distrès emosyonèl sibstansyèl nan moun sa a epi ki pa genyen okenn objektif lejitim jan li defini nan Règleman Komite Dirijan 5.002. Nan ka Arasman ki kwonik oswa ki repete ta dwe evalue pou Entimidasyon oswa ki genyen rapò ak Entimidasyon. L2

*Yo kapab aplike konsekans adisyonèl si ou atake yon moun sou baz seksyalite, idantite seksyèl, ras, koulè, relijyon, etnisite, orijin, etnisite, orijin nasyonal, kondisyon matrimonyal, laj, oryantasyon seksyèl, orijin sosyal ak familyal, langaj, gwosès, oswa andikap.

Hazing {HAZ*} (Toumanite nouvo elèv) - Nenpòt aksyon oswa sityasyon ki mete andanje sante fizik oswa mantal oswa byennèt yon elèv nan yon lekòl nan nenpòt klas soti nan 6^{yèm} rive nan 12^{yèm} nan bi pou inisye oswa fé antre, oswa afilye avèk nenpòt òganizasyon lekòl la patwone. “Hazing” enkli men li pa limite sèlman ak: (a) presyon, kontrenn oswa fòse yon elèv patisipe nan yon aktivite ilegal oswa danjere, oswa (b) nenpòt britalite fizik, tankou kale (koutfwèt), bat, make po, oswa ekspozè ak eleman yo. L3

Homicide/Murder {HOM*} (Omisid/Touye Moun) - Touye yon moun ilegalman (Lwa Eta Florid, 782.04); epi asasinay – zak touye yon moun, resevwa lòd pou touye oswa akòz neglijan koupab yon lòt moun san okenn jistifikasyon legal (Lwa Eta Florid 782,07). L4

Inappropriate Activity (Aktivite ki pa apwopriye)- Nenpòt aktivite k ap entewonp epi ki gen tandans entèfere ak pwosesis ansèyman ak aprantisaj ki pa kapab “code” yon lòt ensidan Nivo 1. L1

In-School Alternative to Suspension (Altènativ pou Sispansyon Andedan Lekòl la)- Yon altènativ pou evite sispansyon andeyò lekòl ki anpeche elèv la suiv kèk oswa tout klas yo. Yo mete elèv la nan yon salklas altènativ endepandan, pandan peryòd altènativ pou sispansyon an.

Instruments or Objects (Enstriman oswa Objè)- Yo kapab konsidere posesyon yon enstriman oswa objè ki kapab sèvi kòm yon zam (men ki pa yon zamafe) anba ribrik sa a si pa te genyen okenn menas oswa entimidasyon ki te fèt avèk enstriman an oswa objè a, sa vle di *BB Guns*, revòlvè jwèt elatriye. L2

Kidnapping or Abduction {KID*} (Kidnapin oswa Anlèvman) – Fòse, ankachèt, oswa ak menas, fèmen, anlve, oswa mete yon lòt moun nan prizon kont volonte li epi san otorite legal. L4


Kite lakou lekòl la (san pèmisyon)-kite lakou lekòl la nan lè lekòl yo oswa pandan yon aktivite lekòl la ap sipèvize, oswa evènman san pèmisyon klè estaf lekòl la oswa moun (yo) ki patwone evènman an. L1

Lewd, or Obscene Act {SXO*} (Ak Endesan oswa Obsèn) – Itilizasyon langaj oral oswa elektrik, mesaj elektwonik, foto, objè, jès, oswa patisipe nan nenpòt aksyon fizik yo konsidere ofansif, sosyalman inakseptab, oswa ki pa apwopriye pou yon anviwònman edikatif. Enkli nan kategori sa a ekspozisyon endesan (montre pati prive kò w (yo) devan lòt moun nan yon fason obsèn oswa endesan nan yon andwa piblik), ak obsenite (konpòtman ki dapre estanda kominote a konsidere k ap kowonpi moral piblik akòz endesans ak/oswa imoralite tankou apèl telefonik oswa lòt kominikasyon oswa fabrikasyon, piblikasyon, vann, achte oswa posede materyèl tankou liv oswa foto ki genyen karaktè obsèn. L3

Loss of Privileges (Pèt Privilèj) - Pèdi privilèj (yo) pandan ak apre lè lekòl yo tankou asanble jeneral yo, aktivite ensantiv ak evènman espòtif, elatriye.

Lying /Misrepresentation (Manti / Defòmasyon)- Bay yon manm estaf lekòl la fo oswa move enfòmasyon entansyonèlman pou twompè, oswa sere enfòmasyon ki enpòtan. L1

Materyèl – Vann oswa distribiye materyèl ki pa otorize nan moman lekòl, paegzanp sirèt, magazin. L1



Deklarasyon ki Menasan- Yon nivo menas mwayen ki kapab fèt, byenke li kapab pa fin serye reyèlman. Menas la pi dirèk epi pi konkrè pase yon menas ki ba; jan mesaj la ekri a sijere agresè a te reflechi sou kijan li kapab reyalize zak la; li kapab genyen yon endikasyon jeneral ki endike yon kote ak ki lè posib (byenke siy sa yo pa toujou yon plan detaye). Pa genyen okenn endikasyon solid ki montre moun k ap fè menas la fè preparasyon pou sa, byenke kapab genyen kèk referans ki pa klè oswa prèv anbigi oswa ki pa fin montre evidans posibilite a. L2

Mentoring (Gid) - Yon adilt oswa yon elèv yo dakò pou bay sipò konsistan, konsèy, ak èd konkrè pou yon elèv ki bezwen yon modèl pozitif.

Motor Vehicle Theft {STL*} (Vòlè Veyikil amotè) - Volè oswa fè atanta pou vòlè yon veyikil amotè. Egzanp yo enkli vòlè yon machin, yon kamyon, yon motosiklèt, yon charèt pou teren gòlf yo, yon ti charyo ak batri, yon RV oswa nenpòt lòt machin ki pouse tèt li. L3

Opioids - Estoke, posede, achte, itilize oswa vin anba enfluyans yon opioid, enkli, men pa limite sèlman ak, dwòg ilegal ewoyin, *opioid* sentetik tankou *fantanyl*, ak medikaman pou doule ki disponib legalman ak preskripsyon, tankou *oxycodone*, *hydrocodone*, *codeine*, mòfin, elatriye. L3

Out of Assigned Area (Pa nan zòn li te sipoze ye a) - Soti nan yon zòn yo te deziye san pèmasyon ak/oswa nan yon zòn ki entèdi san pèmasyon. L1

Out-of-School Suspension (Sispansyon Andeyò Lekòl) – Se voye yon elèv lekòl lakay li tanporèman pou yon peryòd 1 jou rive 10 jou. Pandan sispansyon andeyò lekòl la, yo entèdi elèv la patisipe nan lekòl oswa nan nenpòt aktivite ki genyen rapò ak lekòl la.

Petty Acts of Misconduct (Ti zak move konpòtman) - Zak ki pa poze yon menas dirèk pou sekirite elèv, estaf, volontè, oswa lòt moun oswa yon menas pou andomaje pwopriyete distri lekòl la. Zak konsa pa mande pou konsilte yon ajan polis.

Petty Theft/Stealing (less than \$750) (Ti vòl/vòlè (pi piti pase \$750) - Pran, pote, mennen, oswa kouri ilegalman ak zafè yon lòt moun ki koute pi piti pase \$750 nan valè bagay la, oswa pran pòz posede bagay, yon lòt moun. L2

Physical Aggression (not involving Law Enforcement) (Agresyon fizik (ki pa enkli lapolis) – Yon ti echanj kontak fizik ki fèt sou lòt moun, ki enkli pouse, bouskile, ki pa lakoz blesi enpòtan EPI ki pa mande entèvansyon enpòtan yon adilt pou separe oswa kenbe yo. L2

Possession Use Sale Storage or Distribution of an Explosive Device (Itilizasyon Posesyon Vann Estoke oswa Distribisyon yon Aparèy Eksplozif)- Yon aparèy destriktif se nenpòt bonm, grenad, min, fize, misil, tiyo-bonm, oswa aparèy menmjan an ki genyen kèk kalite eksplozif ki fèt pou eksploze epi ki kapab lakòz domaj kòporèl oswa domaj pwopriyete. Yo defini nan seksyon 790.001, Lwa Florid - L4

Post or/Transmit a Threat to Kill, Do Bodily Injury or Conduct of a Mass Shooting or terrorism (Afiche oswa/Transmèt yon Menas pou touye, Koze Blesi Kòporèl oswa fè yon Fiziyad sou foul moun)- Afiche oswa transmèt yon menas pou touye, koze blesi kòporèl oswa fè yon fiziyad sou foul moun, oswa konsènan itilizasyon zamafe nan yon fason vyolan kont yon moun oswa plizyè moun, nan yon lekòl, transpò lekòl oswa yon evènman lekòl la patwone. L4

Prescription Medication {DRU*} (Preskripsyon Medikaman) - Posede, itilize, estoke, oswa vin anba enfluyans sibstans yon lòt moun ki egzije preskripsyon yon doktè, pou movèz itilizasyon pwòp preskripsyon medikaman, oswa posede, estoke oswa itilize medikaman san preskripsyon, (lòt ki pa règleman 5.321) san konsantman paran ak notifikasyon lekòl. L3

Profane/Obscene Language (Langaj Pwofàn/Vilgè) - Langaj abizif, pwofàn, obsèn oswa vilgè (vèbal, alekri oswa jès) oswa konduit an prezans yon lòt moun. L2

Prohibited items/Unauthorized use of medication (Objè ki entèdi/Itilizasyon medikaman san otorizasyon) - Posede ak/oswa itilizasyon objè oswa lekòl la deziyen kòm kontrebann materyèl ki pa apwopriye AK nenpòt lòt bagay ki lakòz distraksyon oswa domaj sou moun oswa pwopriyete oswa ki entèfere ak pwosesis aprantisaj la (enkli, men pa limite selman) *squirt toys* jwèt, *slime*, alimèt, brikè, medikaman san preskripsyon ki pa medikaman pou tèt fè mal jan sa defini nan Règleman 5.321). L1

Public Displays of Affection (Karese an Piblik) - Fè lanmou ouvètman an piblik oswa langaj ki pa apwopriye nan anviwònman lekòl. L1

Reckless Vehicle Use {OMC*} (Kondui Machin san Prekosyon) - Sèvi ak nenpòt veyikil amotè oswa ki pouse tèt li nan lakou lekòl la san prekosyon oswa nan yon fason ki menase sante, sekirite, byennèt lòt moun oswa ki entewonp fonksyonman nòmal lekòl la. L3

Restitution (Restitasyon) - Ranbousman pou domaj oswa pèt

Restorative Justice (Jistis Restoratif) - Yon pwosesis estriktire yon fasilite kalifye kote patisipan ki te enplike nan ensidan an ap egzamine enpak aksyon entansyonèl ak ki pa entansyonèl epi deside sou solisyon entèpèsyonèl pou repare domaj ak retabli relasyon yo.

Robbery {ROB*} (Vòl) - Pran oswa eseye pran lajan oswa lòt byen nan men yon moun oswa ki sou responsablite yon lòt moun, avèk entansyon pou anpeche yon fason pèmanan oswa tanporè moun nan oswa pwopriyete lajan an oswa lòt pwopriyete, nan itilize fòs, oswa menas fòs oswa vyolans, ak/oswa fè viktim nan pè. (Yon gwo diferans ki genyen ant *Grand Theft* ak *Robbery*, se *Robbery* enplike vyolans, yon menas vyolans oswa atak, epi mete viktim nan laperèz.) L3

School/Class Rules (Prensip Lekòl/Klas) - Vyolasyon espesifik sa lekòl la afiche oswa ekri oswa prensip klas ki pa nesèsman konpòtman deranjan (egzanp: manje chiklèt toutan) L1

Severe Inappropriate Activity (Aktivite Grav ki pa Apwopriye)- Nenpòt aktivite oswa konpòtman ki kreye yon entèripsyon majè epi anpeche pwosesis ansèyman ak aprantisaj ki ale pi lwen pase konduit Nivo 1, men yo pa kapab mete *code* yon lòt ensidan Nivo 2. L2

Sexual Assault {SXA*} (Agresyon Seksyèl) - Yon ensidan ki enkli karese, libète endesan, agresyon seksyèl sou timoun, oswa menas vyòl. Ni elèv mal ak ni femèl toude kapab viktim. Klasifikasyon ensidan sa yo dwe pran an konsiderasyon laj ak konpòtman apwopriye nan devlopman ofansè a (yo). L3

Sexual Harassment {SXH*} (Arasman Seksyèl) - Konduit endezirab nan domèn seksyèl, tankou avans seksyèl, demann pou favè seksyèl, ak lòt konduit vèbal, ki pa vèbal, oswa yon kondwit fizik ki genyen yon nati seksyèl. Konduit pou arasman kapab enkli aksyon vèbal oswa non vèbal, enkli deklarasyon grafik ak elektrik, epi li kapab enkli deklarasyon ki fèt atravè òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy ki konekte nan entènèt. Anplwaye lekòl la, lòt elèv, moun ki pa anplwaye yo kapab genyen konduit la. L2

Sexual Misconduct {SXO*} (Move Konpòtman Seksyèl) - Kontak seksyèl, enkli penetrasyon, san pa genyen fòs oswa menas fòs. L3

Silent Lunch/Lunch Detention (Repa midi an silans/Retni nan Repa midi)- Yon kote separe ak/oswa aranjman chèz pou elèv la pandan yon peryòd regilye orè manje midi. Administrasyon an kapab mande elèv la kèk asistans nan netwaye kafeterya tankou bale, siye tab, ak/oswa ede ak lòt aktivite netwayaj pandan peryòd manje midi a.

Stay Away Agreement (Akò Rete Lwen)” – Yon akò fòmèl ki sèvi pou kontwole depasman viktim ak moun ki fè move zak nan ka entimidasyon (bullying) ak/oswa vyolans nan relasyon afektif. Se yon akò fòmèl tou ki kontwole depasman kèk elèv pandan yo sou pwopriyete lekòl la, ki genyen ladan, men ki pa limite ak, ka entimidasyon oswa vyolans nan relasyon afektif.

Stealing more than \$300 {STL*} (Volè plis pase \$300)- Pran oswa kache byen yon lòt moun san otorizasyon, san menas, vyolans oswa blesi kòporèl, ak entansyon pou anpeche oswa fè moun nan pèdi dwa pwopriyete lejitim pou itilize li. Sa enkli pran byen moun oswa pran byen moun nan yon machin ki sou pwopriyete lekòl la. Lapolis enplike. L3

Tardiness (Habitual) Reta (Abityèl) - Pa nan yon plas ansèyman yon fason konsistan nan lè yo asiyen. L1

Threat Assessment (Evalyasyon Menas)- Yon estrateji pou prevni vyolans ki enplike: (a) idantifye menas elèv fè pou komèt yon zak vyolan, (b) detèmine si menas la serye, epi (c) devlope plan entèvansyon k ap pwoteje viktim potansyèl yo epi chèche rezoud pwoblèm ki lakoz oswa konfli ki te pouse moun nan fè menas la.

Threat

Threat (non-criminal) (Menas (ki pa kriminel)) – Yon deklarasyon ki pa satisfè kritè yon atak kriminel. Yon menas ki ba nivo ki poze yon risk minim pou viktim nan ak sekirite piblik la. Menas la vag epi endirèk; enfòmasyon ki genyen nan menas la enkonsistan, ki pa sanble vrè oswa manke detay; menas la pa chita sou reyalyte; epi kontni menas la montre moun nan pa sanble li kapab egzekite li tout bon. L2

Threat/Intimidation (TRE) (Menas/Entimidasyon) - Yon ensidan ki pa Zewo Tolerans kote pa te genyen okenn kontak fizik ant ofansè a ak viktim nan, men viktim nan kwè li ta kapab sibi domaj fizik dapre kominikasyon vèbal oswa ki pa vèbal ofansè a. Sa genyen ladan menas ki pa vèbal (pa egzanp, montre yon zam) ak menas vèbal pou fè agresyon fizik ki fèt an pèsòn, pa mwayen elektwonik oswa atravè nenpòt lòt mwayen. L3

Threat of Violence (Imminent/High Level) {TRE*} (Menas Vyolans (Iminan/Wo nivo) - Menas wo nivo se yon menas ki sanble poze danje iminan epi serye pou byennèt lòt moun; menas la dirèk, espesifik epi konvenkan; menas la sigjere yo te pran etap konkrè pou egzekite li, pa egzanp, deklarasyon yo endike agresè a te genyen oswa pratike avèk yon zam oswa te mete viktim nan sou siveyans. L4

Tobacco/Alcohol/Drug Alternative (Altènatif pou sigarèt/alkòl/dwòg)- Yon pwogram ki fèt pou edike elèv konènan tabak, alkòl, ak/oswa dwòg epi pou anpeche itilizasyon alavni. Anjeneral, yo itilize sa kòm yon altènativ pou evite yon sispansyon andeyò lekòl la ak/oswa pou diminye longè sispansyon an.

Tobacco-Nicotine Products TBC* (Pwodui Tabak-Nikotin)- Posesyon, izaj, vann, estoke, distribisyon oswa achte pwodui tabak nan pwopriyete lekòl. Pwodui tabak/nikotin enkli men pa limite ak sigarèt, sigarèt elektwonik, *vape*, siga, priz tabak, tabak nan pip, moulen tabak ak *hookah pens* (pip an plim). Ensidan tabak pa kapab genyen rapò ak dwòg. Ensidan ki enplike itilizasyon oswa posesyon pwodui pou *vape* ki pa genyen nikotin oswa sibstans ilegal pa oblije rapòte nan SESIR. L2

Trespassing TRS*(Antre nan Pwopriyete Moun san Pèmisyon)- Antre oswa rete nan lakou yon lekòl piblik, lokal Komite Dirijan lekòl, oswa nan aktivite yon lekòl san pèmisyon oswa envitasyon san rezon legal pou antre, enkli elèv ki nan sispansyon oswa ekspilsyon; pou antre oswa rete nan lakou yon lekòl piblik, lokal Komite Dirijan lekòl, oswa aktivite nan yon lokal distri lekòl la patwone, san otorizasyon, apre administratè anchèf la oswa reprezantan li te bay lòd pou kite lokal la, lakou oswa aktivite a. Se sèlman ensidan ki enplike yon elèv ki anba sispansyon oswa ekspilsyon kounye a, oswa ensidan kote nenpòt moun ki antò a (elèv oswa moun ki pa elèv) yon ofisyèl lekòl la te deja bay yon avètisman, oswa kote nenpòt moun ki antò yo te arete pou antre sou moun san pèmisyon yo oblije rapòte yo nan SESIR. Ensidan antre san pèmisyon ki pa te genyen avètisman ofisyèl anvan, ki pa te lakòz arestasyon, oswa ki pa te enplike elèv anba sispansyon oswa ekspilsyon, ta dwe rapòte kòm ensidan yo defini lokalman dapre règleman distri yo. L3

Truancy (Unexplained Absence) absans repete (Absans san motif) - Yon absans nan klas oswa lekòl la ki pa bay okenn rezon ni eskiz adekwat oswa ki pa satisfè kritè pou konsidere kòm yon absans motive. L1

Unserved Detentions Regular (Detansyon Regilye ki pa te Pran) –Pa pran detansyon anvan, pandan oswa apre lekòl. L2

Unserved Detentions Saturday (Detansyon Samdi ki pa te Pran) – Pa pran detansyon lekòl samdi. L2

Vandalism(less than \$1,000) (Sabotaj (mwens pase \$1000)- Destriksyon malveyan volontè ak/oswa, domaj oswa degradasyon piblik oswa prive, reyèl oswa pèsònèl, san konsantman pwopriyete a oswa moun ki responsab oswa k ap kontwole. L2

Vape/Electronic Nicotine Delivery Systems (ENDS)/nds Paraphernalia

Possession (non-drug) (Posesyon (ki pa dwòg)) - Posesyon aparèy *vape*, sigarèt elektwonik oswa lòt aparèy nikotin elektwonik oswa *paraphernalia* ki pa genyen dwòg ladan. L2

Sale/Distribution (non-drug) (Vann/Distribisyon (ki pa dwòg)) - Vann oswa distribisyon aparèy *vape*, sigarèt elektwonik oswa lòt aparèy nikotin elektwonik oswa *paraphernalia* ki pa genyen dwòg. L3

Victim Safety Plan (Plan Sekirite pou Viktim) - Yon akò fòmèl ki espesifye aksyon elèv yo ak ofisyèl lekòl yo pral pran pou pwoteje yon elèv lè genyen yon risk moun konnen epi enkyetan pou sekirite, viktim entimidasyon (bullying) ak/oswa vyolans nan relasyon amourèz.

Voluntary Restitution (Restitasyon Volontè) - Elèv yo planifye ak aplike yon plan pou korije erè yo te fè, mande eskiz ak/oswa ranplase/repare pwopriyete.

Weapon (Zam)- nenpòt ponya, kouto, zam oswa aparèy elektrik (*Taser/Stun Gun*), fo pwen, fistibal, baton polis, zam lakrimojèn, zam oswa aparèy chimik, oswa lòt zam ki kapab touye moun eksepte yon zamafe oswa yon kouto pòch òdinè, kouto plastik, oswa kouto moun manje ki genyen pwent won jan sa defini nan Lwa Florid 790. L4.

Weapons Possession (Posede Zam)-Posede yon zamafe oswa nenpòt enstriman, objè jan sa defini nan Seksyon 790.001 (6) ak (13) ki kapab enflije domaj serye sou yon lòt moun oswa ki kapab kreye yon menas rezonab pou entimide yon lòt moun. Tout ensidan SESIR yo oblije rapòte kòm bagay ki genyen rapò ak Zam kote nenpòt moun ki enplike yo te posede oswa itilize yon zamafe oswa yon zam oswa si ensidan an te genyen rapò ak posesyon, itilizasyon oswa vann zamafe oswa zam, jan sa defini nan Seksyon 790.001 (6) ak (13), Lwa Florid epi li enkli *tasers*, kouto pou koupe bwat ak lòt zam jan sa defini nan 790.115 Lwa Florid.

Akwonim

AOD = Alcohol or other Drugs (Alkòl ak lòt Kalite Dwòg)

ENDS= Electronic Nicotine Delivery System (Sistèm Elektwonik pou Aspire/Respire Nikotin)

ESE = Exceptional Student Education (Ansèyman pou Elèv Espesyal)

ELL = English Language Learners (Elèv k ap Aprann Pale Anglè)

EP= Education Plan (Plan Edikasyon)

IEP = Individual Education Plan (Plan Edikasyon Endividyèl)

LEP = Limited English Proficiency (Konpetans Limite nan Anglè)

MDR = Manifestation Determination Review (Revizyon Detèminasyon Manifestasyon)

PBC = Palm Beach County (Rejyon Palm Beach)

PBIS = Positive Behavior Interventions and Supports (Sipò ak Entèkansyon pou Konpòtman Pozitif)

TV=Tobacco/VAPE (Tabak/VAPE)

Apandis

Mezi disiplinè			
Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 4
	Anplis mezi obligatwa yo (M), direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li (yo) kapab chwazi youn oswa plis nan mezi Nivo 1 sa yo.	Anplis mezi obligatwa yo (M), direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li (yo) kapab chwazi youn oswa plis nan mezi Nivo 1 ak 2 sa yo.	Anplis mezi obligatwa yo (M), direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li (yo) kapab chwazi youn oswa plis nan mezi Nivo 1, 2 ak 3 sa yo.
Konferans avèk Paran yo	Jistis Restoratif	Pèdi aktivite ekstra eskolè	Sispansyon nan Lekòl 10 Jou (Elemantè & Segondè) (M)
Rekòmandasyon bay Konseye Lekòl	Sèvis Kominotè	Sispansyon nan lekòl 1-10 jou (Segondè)	Rekòmandasyon pou mete Deyò oswa Plasman pou Ensidan Grav (M)
Rekòmandasyon Medyasyon ak Kamarad	Pèdi Privilèj	Sispansyon nan lekòl 1-5 jou (Elemantè)	
Rekòmandasyon pou Medyasyon Administratif	Entèvansyon nan lekòl	Rekòmandasyon pou Ensidan Grav	
Kontra sou konpòtman	Sispansyon nan lekòl		
Reyinyon Plan (IEP, 504, LEP)	Jou pou pase an retni		
Rapò chak jou / chak semen	Sispansyon nan otobis		
Chanjman Orè	Sispansyon andeyò lekòl pou 1-5 jou (Segondè)		
Paran Responsab vin lekòl ak elèv la	Sispansyon andeyò lekòl pou 1-3 jou (Elemantè)		
Restitasyon Volontè			
Plas fiks nan Otobis			
Repa midi an Silans/ Detansyon nan Moman Repa Midi			
Retni apre lekòl			
Retni pwolonje oswa miltip			
Detansyon Lekòl nan samdi			
Konfiskasyon			
Rezolisyon konfli			

Gid			
Rekòmandasyon bay lòt ajans			